

**TRADHISI ING PASAREYAN MBAH BOYOPATIH MEDANG  
KECAMATAN GLAGAH KABUPATEN LAMONGAN  
(Tintingan Folklor)**

**E-JOURNAL**



**Dening:  
DEWI INTAN NUR QOMARIYAH  
NIM 15020114046**

**UNIVERSITAS NEGERI SURABAYA  
FAKULTAS BAHASA DAN SENI  
JURUSAN PENDIDIKAN BAHASA DAN SASTRA DAERAH  
2019**



**SURAT PERNYATAAN KEORISINILAN**

Yang bertanda tangan di bawah ini:

nama : Dewi Intan Nur Qomariyah  
tempat, tanggal lahir : Lamongan, 02 Agustus 1996  
nim : 15020114046  
prodi/angkatan : S-1 Pendidikan Bahasa dan Sastra Jawa/2015  
alamat : Ds. Canggih RT 01/ RW 02 Kecamatan Sarirejo Kabupaten  
Lamongan

menyatakan dengan sesungguhnya bahwa:

- (1) e-journal ini benar-benar hasil kerja saya sendiri (bukan hasil plagiasi/jiplakan atau autoplagiasi baik sebagian maupun seluruhnya)
- (2) apabila pada kemudian hari terbukti bahwa e-journal ini hasil jiplakan, saya akan menanggung resiko diperkarakan oleh jurusan pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah, Fakultas Bahasa dan Seni, Unesa.

Demikian surat pernyataan yang saya buat dengan sebenar-benarnya.

Dosen Pembimbing

**Dra. Suwarni, M.Pd.**  
NIP 19540317 198303 2001

Surabaya, 2019

Yang Menyatakan,



**Dewi Intan Nur Qomariyah**  
NIM 15020114046

*Mengetahui,*  
Ketua Jurusan

**Dr. Surana, S.S., M.Hum.**  
NIP 196810051994031001

**TRADHISI ING PASAREYAN MBAH BOYOPATIH MEDANG KECAMATAN GLAGAH KABUPATEN  
LAMONGAN  
(TINTINGAN FOLKLOR)**

**Dewi Intan Nur Qomariyah**

S-1 Jurusan Pendidikan Basa lan Sastra Dhaerah (Jawa), Fakultas Basa lan Seni, Universitas Negeri Surabaya  
[dewiqomariyah@mhs.unesa.ac.id](mailto:dewiqomariyah@mhs.unesa.ac.id)  
[dewiintan.nq@gmail.com](mailto:dewiintan.nq@gmail.com)

**Pembimbing**

**Dra. Suwarni, M.Pd.**

Dhosen Jurusan Pendidikan Basa lan Sastra Dhaerah (Jawa), Fakultas Basa lan Seni, Universitas Negeri Surabaya

**ABSTRAK**

Tradhisi ing Pasareyan Mbah Boyopatih isih kajaga nganti saiki lan nduweni daya pangaribawa kang gedhe tumrap masyarakat Medang. Tradhisi ing pasareyan tuwuh amarga anane legendha PMB. TPMB uga nduweni sambung raket karo ngugemi tradhisi Jawa ing Medang. Wujud legendha PMB uga nduweni pangaribawa kang gedhe tumrap kiwa tengene, bisa kabukten kanthi anane pawongan kang prasasat ora tau sepi tumuju ing pasareyan kasebut saperlu nindakake ziarah, nadzar lan liya-liyane. Panliten iki ngrembug (1) mula bukane TPMB, (2) Tradhisi ing Pasareyan, (3) Ubarampe kang nyengkuyung TPMB, (4) Tata laku adicara, (5) Pigionane TPMB.

Ancase panliten iki yaiku ngandharake mula bukane TPMB, tradhisi ing Pasareyan Mbah Boyopatih, ubarampe, tata laku lan pigunane TPMB tumrap masyarakat panyengkuyunge. Paedah panliten iki, yaiku diajab bisa nambahi kawruh ngenani sejarah, fungsi, tradhisi utamane TPMB, kanggo nglestarekake kabudayan Jawa saka warisan cikal bakal TPMB, kanggo dhokumentasi, mligine tumrap masyarakat Medang, dene kanggo panliti liya diajab bisa dadi referensi lan motivasi nalika nglakoni panliten folklor.

Kanggo ngonceki masalah sajrone panliten nggunakake teori lan konsep kang cundhuk karo masalah kasebut yaiku kanggo ngonceki bab folklor nganggo teori folklor kang dikutip dening James Danandjaja. Kanggo ngandharake babagan makna ubarampe nggunakake teori semiotik Pierce.

Panliten iki kalebu panliten kualitatif dheskriptif. Dhata kang dijupuk arupa tetembungan tinulis utawa lisan saka informan kanthi cara wawancara lan dhokumentasi. Analisis dhata ditindakake kanthi cara menahi interpretasi ing saben wujud dhata.

Asile panliten iki nuduhake yen TPMB ditindakake ing Pasareyan Mbah Boyopatih kang sesambungan karo legendhane. Macem tradhisi yaiku tradhisi haul utawa *khul*, tradhisi nyekar lan nadzar. Ubarampe kang digunakake TPMB yaiku kembang setaman lan tumpeng. Tata laku saben tradhisi ditindakake kanthi runtut. Pigionane TPMB yaiku sarana panglipur, sarana pangesahan budaya, sarana pendidikan, sarana pengendhali sosial, sarana kanggo shodaqoh, sarana kanggo nguri-uri kabudayan lan fungsi ekonomi.

**Tembung wigati:** Tradhisi, Legendha pasareyan, lan Folklor

**PURWAKA**

Warga Indonesia kasusun saka maneka warna suku bangsa, saben suku nduweni kabudayane dhewe-dhewe. Kabudayan iku sipate heterogen. Saben budaya nduweni corak kang beda karo liyane, banjur nduweni titikan lan nilai kaendahan. Kabudayan minangka asil saka warisan leluhur kang patut disengkuyung, dilestarekake lan diajiji amarga ngandhut norma-norma lan aturan-aturan kang ngatur tumindake manungsa ing bebrayan. Kabudayan ora bisa tuwuh tanpa masyarakat panyengkuyunge. Kabudayan karipta dening manungsa kang nduweni akal lan budi. Kabeh tumandange manungsa lan gegayutane karo masyarakat dumadi saka kabudayan. Mula, antarane manungsa lan kabudayan kuwi sesambungane raket banget lan ora bisa uwal saka panguripane manungsa. Kabudayan tembung linggane yaiku budaya kang nduweni teges samubarang kang urip, ngrembaka, lan lumaku tumuju titik tartamtu.

Kabudayan ing Indonesia diperang dadi telu yaiku kabudayan dhaerah, kabudayan lokal, lan kabudayan nasional. Kabudayan kang maneka warna ana saben dhaerah kang sinebut wujud kabudayan nasional. Kabudayan dhaerah iku mujudake kabudayan kang diduweni dhaerah-dhaerah tartamtu, saliyané kabudayan nasional lan kabudayan dhaerah uga ana kabudayan lokal yaiku wujud minangka sub kultur saka kabudayan dhaerah. Kang bisa diarani kabudayan lokal yaiku kaya dene kabudayan Jawa kang wujud maneka warna. Salah sawijine wujud kabudayan lokal yaiku kabudayan kang ana ing Jawa Wetan mligine ing Kabupaten Lamongan. Salah sawijine kabudayan lokal ing Lamongan yaiku anane Pasareyane Mbah Boyopatih ing Medang Kecamatan Glagah Kabupaten Lamongan. Pasareyan kasebut ora ditintingi nganggo tintingan budaya nanging nggunakake tintingan folklor.

Danandjaja (2007: 2) ngandharake yen folklor yaiku separo kabudayan sajrone *kolektif*, kang kasebar lan

diwarisake turuntemurun, ing *kolektif* jinis apa wae, kanthi cara tradhisional sajrone versi kang beda senadyan ing wujud lisan utawa tuladha kang sinambungan karo gerak isyarat, utawa alat pambiyantu pangeling. Folklor diperang dadi folklor lisan, folklor setengah lisan, lan folklor dudu lisan. Titikane folklor yaiku nduweni sipat tradisional, kasebar ing kabeh wilayah, disebarake dening klompok utawa indhividhu ing waktu kang suwe yaiku kurang luwih rong generasi, folklor uga nduweni guna sajrone panguripan manungsa, ing antarane minangka protes sosial lan pelipur lara. Folklor kasusun saka maneka versi, ngandhut pesen moral, lan nduweni wujud lan asipat pralogis lugu.

Panliti nggunakake tintingan folklor amarga babagan kang onjo yaiku ana ing tradhisine. Tradhisi kang ana ing Pasareyan Mbah Boyopatih sabanjure dicekak TPMB nduweni daya tarik kang mligi tumrap masyarakate, amarga kasusun saka telung tradhisi, ing antarane yaiku Tradhisi Haul utawa *Khul*, Tradhisi Nyekar lan Nadzar. Daya tarik saka telung tradhisi kasebut kaya dene (1) nduweni tata laku kang beda karo tradhisi liyane, (2) ditindakake ora perlu ngenteni arep nduwe gawe, lan (3) mligine ing Tradhisi Nyekar ditindakake saben wulan ing dina Jemuwah Pon. Papan panggonan telung tradhisi kasebut ana ing Pasareyan Mbah Boyopatih minangka pawongan kang dikormati dening masyarakat panyengkuyunge mligine masyarakat ing Desa Medang. Panliten iki kagolong sajrone folklor separo lesan, amarga wujud ngenani kapitayan rakyat, adat istiadat, sarta slametan, sajrone panliten iki uga nyritakake ngenani mula bukane legendha pasareyan kasebut kang kalebu folklor lesan.

Legendha Pasareyan Mbah Boyopatih minangka asil warisan saka leluhur kang kudu dilesterakake lan tetep dijaga. Pasareyan kasebut isih dipercaya uga dianggep kramat lan kalebu peranan kang ora bisa dipisahake dening masyarakat panyengkuyunge. Diwiwiti nalika ana pawongan kang asmane Syekh Abdul Shomad utawa misuwur Mbah Boyopatih kang dikormati dening masyarakat panyengkuyunge sejatine yaiku muride Kanjeng Sunan Giri kang dianggep waliyullah lan nduweni karomah kang ngedap-edapi.

Anane crita rakyat ngenani Mbah Boyopatih kang nganti saiki isih kajaga nduweni daya pangaribawa kang gedhe banget tumrap bebrayan Medang. TPMB nduweni sambung raket karo ngugemi tradhisi Jawa ing desa kasebut, daya pangaribawa ing babagan agama, ekonomi, lan kapitayan gedhe banget. Mula saka kuwi crita legendha nduweni kaluwihan saka liyane. Wujud legendha uga nduweni kaprabawan kang gedhe tumrap kiwa tengene. Kabukti saka anane wong liya desa utawa wong liya kutha kaya dene Gresik, Bojonegoro, Surabaya lan Tuban kang mara ing pasareyan kasebut kanggo kirim donga utawa nyuwun donga marang Gusti Allah lumantar Mbah Boyopatih, lan saperangan gedhe isih nduweni turunan Mbah Boyopatih. Senajan kahanane kaya mangkono, uga isih akeh kang durung mangerteni TPS kanthi jangkep. Mula saka kuwi, bab-bab kaya mangkene kang dadi sawijine lelandhesan kanggo diteliti kanthi luwih rowa maneh.

Adhedhasar andharan ing ndhuwur, panliti kapengen ngerteni TPMB luwih jero lan luwih rowa supaya bab-bab

kang wigati ing bebrayan mligine ing Medang ora ilang lan bisa kanggo sarana pasinaon anak putu. Saben kapitayan utawa tradhisi mesthi bakal owah slaras karo pangreMbakane jaman senadyan ora kena pangaribawane budaya liya (Ihromi, 1984:32). Budaya kuwi asipat dinamis kairing karo owah-owahan pamikire manungsa kang ngasilake budaya. Masyarakat Jawa asipat tinarbuka marang lumebune samubarang kang anyar senadyan isih milah-milih lan nggathukake karo kapribadene dhewe. Kapitayan lan tradhisi kang ora menehi piguna lan ora nduweni paedah tumrap bebrayan bisa dipesthekake bakal muspra. Semono uga tumrap bebrayan sasuwu-suwene bakal ilang, amarga wiwit kagiles faktor ekonomi, pendhidhikan, lan pakaryan.

Panliten ngenani TPMB minangka salah sawijine wujud tuladha kang trep kanggo ngluri budaya jawa. Lumantar tradhisi kasebut dikarepake bisa narik kawigaten saka pamarintah dinas kabudayan. Kawigaten kasebut nduweni tujuwan supaya masyarakat luwih bisa mangerteni. Panliten iki diajab bisa dadi sarana supaya kabudayan jawa ora muspra kagerus mobah-mosike jaman, sarta ora gampang disirnakake dening kabudayan manca kang saya suwe saya disenengi masyarakat. Katitik saka pamawas ing ndhuwur nuwuhake pepingine panliti kanggo ngudal lan mbabar TPMB amrih ora cures lan tansaya ngrembaka. Panliten arep ngandharake nggunakake analisis mula bukane (sejarah), struktur legendha, fungsi, nilai-nilai kapitayan sajrone tradhisi sing isih ana ing TPMB sarta tanggapan masyarakat tumrap kahanane kapitayan sajrone tradhisi ing Pasareyan Mbah Boyopatih kang isih diugemi dening masyarakat Kabupaten Lamongan mligine masyarakat sakupenge pasareyan kanthi tintingan folklor. Panliten kaya mangkene amrih bisa ndudah semangate para muda supaya nduweni krenteg njaga lan nyengkuyung kabudayan Jawi, ora mung njaga uga perlu mangerteni babagan mau, arep diwujudake sajrone laporan panliten kanthi irahirahan Tradisi Ing Pasareyan Mbah Boyopatih ing Medang Kecamatan Glagah Kabupaten Lamongan (Tinting Folklor).

#### **Underane Panliten**

Saka andharan lelandhesan panliten kasebut, mula tinemu underan panliten kang bakal ditintingi, yaiku:

- 1) Kepriye mula bukane TPMB Medang, Kecamatan Glagah, Kabupaten Lamongan?
- 2) Tradhisi apa wae kang ana ing Pasareyan Mbah Boyopatih Medang, Kecamatan Glagah, Kabupaten Lamongan?
- 3) Apa wae jinis ubarampe panjangkeping adicara ing TPMB?
- 4) Kepriye tatalaku tradhisi ing Pasareyan Mbah Boyopatih?
- 5) Apa pigunane TPMB tumrap masyarakat panyengkuyunge?

#### **Ancase Panliten**

Saka underan panliten ing dhuwur, mula panliten iki nduwen i tujuwan menehi kawruh lan ndheskripsikake saperangan bab, yaiku:

- 1) Ngandharake mula bukane TPMB Medang, Kecamatan Glagah, Kabupaten Lamongan.

- 2) Njlentrehake tradhisi apa wae kang ana ing Parsareyan Mbah Boyopatih Medang, Kecamatan Glagah, Kabupaten Lamongan.
- 3) Njlentrehake jinis ubarampe panjangkeping adicara ing TPMB.
- 4) Njlentrehake pigunane TPMB tumrap masyarakat panyengkuyunge.

#### Paedahe Panliten

Adhedhasar lelandhesan panliten ing dhuwur, panliten iki nduweni paedah utawa piguna kang ditemokake sawise anane panliten iki, ing antarane yaiku:

#### Paedah Teoritis

Paedah panliten iki diajab bisa migunani kanggo nyumbang kawruh ing saedhenging folklor setengah lesan, kaya dene tradisi ing Pasareyan Mbah Boyopatih Medang, Kecamatan Glagah, Kabupaten Lamongan.

#### Paedah Praktis

Panliten iki nduweni paedah praktis supaya bisa migunani kanggo:

- 1) Pamaca, kasile panliten iki diajab bisa menehi informasi ngenani sejarah, kapitayan lan tradhisi kang dumadi, fungsi TPMB ing Medang, Kecamatan Glagah, Kabupaten Lamongan;
- 2) Panliti liyane, diajab bisa dadi referensi lan motivasi nalika nglakoni panliten ngenani folklor setengah lisan kang ana ing dhaerahe dhewe-dhewe mligine ngenani tradhisi uga legendha,
- 3) Panulis, diajab bisa nambah wawasan lan kawruh ngenani folklor setengah lisan, bisa ningkatake kemampuan apresiasi crita rakyat kang awujud legendha, sarta bisa ngrembakakake lan uga nguri-uri kabudayan Jawa supaya ora cures kagerus pangrembakane jaman.
- 4) Pamrentah Kabupaten Lamongan, mligine ing bidhang kabudayaan supaya bisa didadekake bahan dhokumentasi kanggo ngrembakake folklor setengah lisan;
- 5) Masyarakat, diajab bisa menehi informasi ngenani TPMB ing Medang Kecamatan Glagah, Kabupaten Lamongan. Sarta minangka dokumentasi kanggo kawruh marang masyarakat sakupenge lan sarana kanggo piwulangan utawa ngelmu kawruh kang kudu tansah diugemi tur bisa nglestarekake legendha supaya ora ilang bebarengan pangrembakane jaman.

#### Wewatesan Panliten

Wewatesane panliten digunakake supaya panliten TPMB ora mlenceng saka konsep kang wis ditemtokake. Wewatesan iku mung ngrembug mula bukane critane legedha kang ana sesambungane karo tradhisi lan kapitayan masyarakat Medang, jinis ubarampe lan tata lakune tradhisi uga pigunane legendha kasebut. Kabeh iku diandharake adhedhasar tingtingan lan teori kang wis tumata.

#### TINTINGAN KAPUSTAKAN

Tingkatan kapustakan iki minangka babagan kang wigati tumrap panliten, amarga ing kene ngandharake ngenani teori-teori lan samubarang kang duweni gegayutan klawan panliten minangka penunjang saka asiling panliten, kayata panliten kang saemper, konsep-konsep, lan teori-teori kang dadi lelandhesane panliten.

Kasusun saka buku-buku, jurnal-jurnal, lan artikel-artikel kang nduweni sesambungan karo panliten iki.

#### Kabudayan Jawa

Kabudayan yaiku asale saka basa Sansekerta *buddayah*, yaiku wujud jamak saka budhi kang ateges “*budi*” utawa “*akal*”, saengga kabudayan iku bisa diwenehi teges “babagan kang ana gegayutane marang budi lan akal” (Koentjaraningrat, 2000:9). Dadi kabudayan yaiku asil saka budi utawa akale manungsa kanggo nggayuh kasampurnaning urip. Kabudayan yaiku saperangkat aturan utawa norma kang diduweni bebarengan lan yen dilaksanakake dening masyarakat panyengkuyunge bisa tuwuh tata laku anggotane dianggep layak lan bisa ditrima. Kabudayan ditegesi minangka pawujudan panguripan saben manungsa lan saben kelompok kang ngupaya ngolah lan ngowahi alam saengga bisa mbedakake manungsa lan kewan. Miturut Sudikan (2001), kabudayan kanggo satuwane ide, kabudayan kasusun saka reroncene nilai-nilai, norma-norma kang isine ngenani tindak-tandhuk kang diwujudake panyengkuyunge.

Miturut Suwarni lan Widayati (2015:6) wujud kabudayan diperang dadi telu, yaiku (1) budaya abstrak yaiku budaya kang salah sawijining kompleks saka idhe-idhe, pamikiran, nilai-nilai, aturan, lan sapiturute, (2) wujud kagiyatan lan tumindake manungsa kang trep klawan manungsa liyane, lan (3) budaya konkrit kang awujud pakaryane manungsa. Koentjaraningrat (2000:5-7), ngandharake wujud kabudayan diperang dadi telung wujud, ing antarane yaiku 1) wujud kabudayan minangka saka idhe-idhe, pamikiran, nilai-nilai, norma-norma, aturan lan liya-liyane, 2) wujud kabudayan minangka nglumpukake saka aktivitas lan uga tumindak saka manungsa ing bebrayan, 3) wujud kabudayan minangka wujud asil karyane manungsa.

Adhedhasar wujud kang wis diandharake ing dhuwur bisa dijlentrehake kaya mangekene, wujud kapisan yaiku wujud budaya kang salah sawijine wujud idhe, gagasan, nilai utawa norma kang dinggo urip ing bebrayan, bisa kanggo tuladha kayata solah bawane, tindak tanduke manungsa saben dinane lan bisa diterapake ing panguripane. Wujud kapindho kerep diarani sistem sosial, kayata arupa kagiyatan saben dinane manungsa ing sajrone urip bebrayan. Interaksi iki melu pola-pola tartamtu adhedhasar adat tata lakune. Wujud katelu diarani kabudayan fisik yaiku wujud kang arupa piranti lan bisa dicekel, bisa disawang nganggo panca ndriya, lan nduweni makna utawa kaendahan saka piranti kang digawe kasebut, kayata patung, pesawat, candi gawenan, dolanan saka plastik kaya motor-motoran lan sapiturute. Taylor (sajrone Sulaeman, 1998:10) uga ngandharake kabudayan yaiku rasa pangrasane bangsa sing maneka warna, ngenani kawruh, seni, moral, hukum, lan adat pakulinan sing tuwuh ing masyarakat.

#### Folklor

Miturut Hutomo (1991:5) tembung folklore ing basa Indonesia dumadi saka rong tembung yaiku folk lan lore. Tembung *folk* ateges saperangan manungsa kang nduweni pratandha fisik, sosial, lan kabudayan mula bisa dibedakake saka siji lan sijine. Tembung *lore* nduweni teges tradhisi saka folk, yaiku saperangan kabudayan kang diwarisake kanthi cara turun temurun kanthi sarana lisan

utawa tulisan. Saka katrangan iku mau bisa didudut yen Folklor nduweni teges saperangan kabudayan salah sawijine kang sumebar sarta diwarisake kanthi cara turun-temurun, ing jinis kolektif apa wae, kanthi tradhisional nanging versine bisa beda-beda, dene ing wujud lisan kanthi gunakake tuladha, yaiku anane gerak isyarat utawa piranti pambiyantu pangeling (Danandjaja, 2007:1-2).

Pambedane folklor karo budaya liyane, folklor nduweni ciri-ciri kayata: 1) panyebaran lan pewarise lumrahe ditindakake kanthi cara lisan, yaiku disebarake lumantar wong siji marang wong liyane; 2) folklor asipat tradhisional yaiku disebarake kanthi wujud reative tetep utawa awujud standar; 3) folklor duweni maneka warna versi kang beda-beda; 4) folklor sipate anonim, yaiku jeneng pangriptane wis ora diweruhi wong maneh; 5) folklor lumrahe duweni wujud berpola; 6) folklor duweni paedah sajrone panguripan kolektif; 7) folklor sipate pralogis, yaiku duweni logika dhewe kang ora mathuk karo logika umum; 8) folklor bisa diklaim sapa wae utawa milik bersama; 9) folklor lrahe sipate polos lan lugu saengga asring katon kasar lan katon spontan banget.

### Legendha

Legendha yaiku crita kang dianggep prastawa kang nduweni unsur sejarah, crita kang ngemot ngenani mula bukane panggon tartamtu, crita kang dipercaya dening masyarakat wiwit biyen. Legendha dipercaya nduweni prastawa kang bener-bener kadadeyan kang sabanjure ngrembaka lumantar crita-crita dening masyarakat. Miturut Danandjaja (2007:66) legendha yaiku carita prosa rakyat, kang dianggep dening wong kang nduweni carita minangka kadadean kang satemene dumadi. Legendha nduweni sipat sekuler (*duniawi*), dumadine ing jaman kang durung suwe, lan panggonane ing donya kaya kang kita kenal saiki.

Titikane legendha miturut Danandjaja (2007:3-4) yaiku: 1) panyebarane lan cara ngewarisake nggunakake cara lisan (*omongan*); 2) kalebu folklor kang sipate tradhisional; 3) duweni maneka warna versi kang beda-beda; 4) *anonym* (pangriptane ora dingerteni); 5) critane duweni hak kolektif; 6) nduwe piguna tartamtu sajrone masyarakat kang buta aksara; 7) sipate polos utawa lugu; 8) sipate pralogis; lan 9) wujud duweni rumus utawa pola

### Religi Jawa

Religi ing basa inggris "*Religion*" kang asale saka basa latin "*Religio*" tegese piwulangan agaman, dene basa Indonesia yaiku *Agama*, minangka institusi kang nduweni anggota lan umume bareng-bareng ngumpul kanggo nindakake ibadah, lan nrima doktrin kang nawarake babagan sikap kang bisa disinaoni lan diamalna dening pawongan kanggo nemtokake kabagyan kang sejati (Ramdani, 2008:109). Miturut Herusatoto (1984:42) religi asal tembung saka basa latin *religio* kang ateges naleni. Tegese yaiku manungsa kang gumantung lan nduweni gegayutan marang Gustine, amarga Gusti maringake keslametan sejati tumrap para manungsa. Geertz (sajrone Purwadi, 2005: 61) njlentrehke yen bebrayan Jawa bisa diperang adhedhasar kapitayan Islam kang diugemi yaiku golongan santri lan golongan abangan. Pawongan kang ngugemi lan nindakake agama Islam kanthi tumemen kagolong santri, dene golongan abangan kuwi pawongan

kang ngakoni Islam minangka agamane nanging ora nindakake syariate kanthi tumemen. Golongan santri nduweni panganggep yen sembahyang iku penting banget dilakoni nanging suwalike golongan abangan isih nindakake upacara slametan lan ngugemi adat istiadat. Saka werna-werna sistem kapitayan kasebut, bebrayan Jawa banjur nggabungake kabeh mau dadi siji kanthi istilah agama Jawi utawa kejawen/*javanisme*.

### Tradhisi

Tradhisi yaiku mujudake apa kang sipate turun tumurun kaya adat, tatacara, kesenian lan sapanunggalane. Poerwadarminta (1976:108) ngandharake yen tradhisi iku minangka salah sawijine adat, kapitayan, lan liya-liyane kang diwarisake saka para leluhur. Tradhisi lan kapitayan kang diwarisake para leluhur kasebut, isih ditindakake masyarakat nganti saiki. Adat lan kapitayan kasebut dirasa minangka samubarang kang bisa nduweni piguna. Mula saka kuwi, salah sawijine tradhisi bisa ngrembaka yen saka masyarakat nduweni kesadharan kanggo nggayuh sakabehing panguripane manungsa.

Rendra (1984:3) ngandharake tradhisi yaiku pakulinan kang turun-tumurun ing sajrone bebrayan. Tradhisi minangka piranti kang ana kanggo panguripan bebrayan lan mbiyantu lancare pangrembakane pribadi saben wong. Slaras karo pamawase Poerwadarminta (sajrone Suwarni lan Widayati, 2015:61) tradhisi minangka perangan saka kabudayan, tradhisi yaiku sakabehe adat, kapercayan, lan sapiturute kang diwarisake para leluhur kanthi cara turun tumurun. Saka andharan ing dhuwur tradhisi yaiku budaya sing diturunake para leluhur ing sajrone bebrayan kang asipat amba lan bisa ngrembaka padha karo lingkungan alam lan majune jaman.

### Makna lan Simbol

Ilmu kanggo nyinaoni simbol lan tandha diarani *semiotic*. Asale saka basa Yunani *semion* "tandha" kang tegese ilmu kang nyinaoni sistem tandha lan lambang, sistem lambang lan proses pralambangan (Luxemburg, 1992:44).

Herusatoto (1984:88) ngandharake ngenani tindhakan simbolis wong Jawa antarane yaiku: (1) tumindak simbolis sajrone religi, (2) tumindak simbol sajrone upacara, (3) tumindak simbolis sajrone seni. Mula, sajrone bebrayan Jawa akeh kang nglaksanakake kadadeyan wigati lan ora bisa uwal saka simbol. Mula, sajrone bebrayan Jawa kadeleng nalika anane kapercayan marang kekuwatan ghaib. Kekuwatan ghaib utawa kekuwatan roh cikal bakal isih nduweni peran kang wigati ing bebrayan, amarga kapercayan kasebut gegayutan karo sistem nilai-nilai budaya bebrayan Jawa. Sajrone bebrayan Jawa asring nggunakake simbol kanggo medharake samubarang kayata tandha lukisan, tetembungan, leencana, lan liya-liyane kang kabeh kuwi ngemot maksud utawa ancas tartamtu (Poerwadarminta, 1939:947).

### Piguna (Fungsi)

Miturut Bascom sawijine tradhisi lisan utawa folklor disenengi dening masyarakat jalaran dianggep migunani kanggo panyengkuyunge, ketahanan lan kalangsungan panguripan minangka manungsa lan anggota masyarakat. Fungsi folklor kang sesambungan karo konteks sosial budaya masyarakat yaiku (1) minangka sistem

proyeksi ateges minangka piranti pangilon angen-angen kolektif, (2) minangka piranti pangesahan pranata-pranata lan lembaga kabudayan, (3) minangka piranti panggulawenthah anak, lan (4) minangka piranti pengawas supaya norma-norma masyarakat tansah diugemi dening masyarakat.

### Hermeneutika

Hermeneutik yaiku, ilmu utawa cara kanggo mangerteni karya sastra lan basa supaya luwih cetha tegese. Hermeneutik ateges ilmu kanggo napsirake karya sastra kanthi cara mangerteni sakabehe unsur. Hermeneutik ora mung kanggo nintingi karya sastra wae, kanthi majune jaman bisa kanggo nintingi bab-bab liya kayadene nintingi upacara ritual. Miturut Sumaryono (1999:23) tembung hermeneutik asale saka Yunani *hermeneuein* tegese nafsirake, yen tembung aran *hermeneia* kanthi harfiah bisa ditegesi “penafsiran” utawa interpretasi. Hermeneutik miturut Richard (Sumaryono, 1999: 40) uga ditegesi nelaah isi lan maksud kang ngejawanthah saka sawijine teks marang makna kang mligi.

### Lelandhesan Teori

Sajroning lelandhesan teori bakal diandharake ngenani analisis lan konsep miturut para ahli kang digunakake kanggo nintingi TPMB supaya luwih gampang anggane njlentrehake andharan ngenani panliten tansah lumaku adhedhasar konsep kang wis ditemokake. Analisis kanggo nintingi folklor setengah lisan mligine kanggo nintingi mula bukane TPMB nggunakake teori kang diandharake Danandjaja (2007:21). Folklor setengah lisan yaiku, wujud campuran saka unsur lisan lan unsur dudu lisan. Tuladhane kaya dene drama rakyat (kethoprak, wayang, lodrug), tari rakyat (srimpi, gambyong, remo), kapitayan lan takhayul (gugon tuhon), upacara-upacara tradhisional (mantenan, kepaten, kaliran), dolanan tradhisional (gobag sodhor, bentengan) sarta hiburan lan pesta rakyat.

Banjur konsep kang digunakake kanggo nintingi ubarampe bab makna simbol kang ana ing TPMB yaiku nggunakake teori semiotik, yaiku salah siji ilmu utawa teori ngenani lambang utawa makna kang diandharake Pierce kaya kang dikutip Luxemburg (1992:45-46).

Kanggo ngandharake pigunane TPMB ditintingi nganggo konsepe William R. Bascom kang dikutip dening Danandjaja, yaiku: 1) minangka sistem proyeksi, 2) minangka sarana pangesahan budaya, 3) minangka sarana pendhidhikan, lan 4) minangka piranti kanggo meksa lan ngawasi paugerane bebrayan, supaya tansah diugemi lan ditindakake dening kolektif. Fungsi liyane kang nyengkuyung fungsi utama kang tuwuh saka anane pengembangan analisis yaiku, 5) sarana kanggo shodaqoh minangka wujud rasa syukur, 6) sarana kanggo nguri-uri kabudayan, 7) fungsi ekonomi.

### METODHE PANLITEN

Ing bab iki bakal ngrembug ngenani limang perkara kang bakal diandharake. Perkara iku mau ana sesambungane karo metode kang digunakake sajroning panliten iki. Limang perkara mau yaiku ancangan panliten, sumber shata lan dhata, instrumen panliten, tata cara panglumpuking dhata, lan tata cara pangolahing Dhata.

### Ancangan Panliten

Ratna (2013: 47) ngandharake menawa metode kualitatif kuwi metode kang ngutamakake data kang alamiah, data kang sesambungan kaliyan konteks anane *gejala sosial* kang relevan. Ancangan kang digunakake sajrone panliten iki asipat kualitatif deskriptif. Panliten kualitatif yaiku sawijine ancangan panliten kang ancane kanggo menahi cathetan-cathetan saka tandhane samubarang kang diteliti kanggo ngasilake dhata-dhata aktual lan akurat. Masalah kang ana ing panliten iki asipat durung mesthi lan bakal bisa diowahi sawise panliti ana ing lapangan (Sugiyono, 2011:205). Saliyane iku, panliten kang sipat kualitatif jinis dheskriptif uga nduweni teges yaiku kanggo ndheskripsekake makna sajrone objek utawa kedadeyan kang didadekake kajian sajrone panliten.

### Objek lan Papan Panliten

Miturut Endraswara (2010:5) anggane nglumpukake dhata sajrone panliten budaya kudu nemtokake papan panliten, jalaran papan panliten kang wigati. Dene objek yaiku variabel utawa apa kang dadi punjere salah sawijining panliten (Arikunto, 1998:15).

### Objek Panliten

Objek kang bakal diteliti ing panliten iki yaiku Tradhisi ing Pasareyan Mbah Boyopatih kang dicekak TPMB

### Papan Panliten

Papan panliten iki manggon ing Medang, Kecamatan Glagah, Kabupaten Lamongan. Papan kasebut dipilih amarga masyarakat ing desa kasebut minangka masyarakat panyengkuyunge tradhisi ing Pasareyan Mbah Boyopatih

### Sumber Dhata lan Dhata Panliten

Sumber dhata yaiku subjek kang dadi wiwitane antuk dhata. Sumber dhata kang diantuk kawitan lumrahe arupa tembung-tembung lesan saka warga masyarakat ing sakupenge saliyanane juru kunci (Arikunto, 2010:172). Dhata yaiku katrangan utawa bahan nyata sing bisa didadekake dhasar kajian, (Moeliono, 1989:187).

#### 1. Sumber Dhata

Sumber dhata primer saka panliten TPMB Medang, Kecamatan Glagah, Kabupaten Lamongan yaiku (1) Bapak Abdul Mutholib minangka juru kunci pasareyan mbah Boyopatih dikarepake mangerteni ngenani mula bukane tradhisi utawa sejarane Mbah Boyopatih wiwit jaman cilik nganti anane Pasareyan Mbah Boyopatih, (2) Bapak Mulyadi minangka sekdes Medang lan Pak Abu Ali minangka kasun Medang kang nyengkuyung adicara TPMB, (3) Ibu Khona'ah garwane juru kuncen uga minangka sesepuh kang mangerteni babagan TPMB, (4) Bapak Karmin minangka pengurus pasareyan kang melu nyengkuyung adicara TPMB.

Sumber dhata *sekunder* utawa sumber dhata tambahan ing panliten TPMB yaiku rekaman wawancara saka masyarakat Medang lan masyarakat panyengkuyunge TPMB kang mangerteni sithik ngenani critane TPMB kaya dene Ibu Supiyati warga liya desa kang nindakake nadzar, Mas Dedi minangka turunan Mbah Boyopatih kang isih nindakake tradhisi nyekar saben wulane, Ibu Matik lan Mbah Dipah minangka wong bakulan kang dodol ing sakupenge pasareyan, lan Mas Bagus minangka jukir motor kang njaga kendharaane wong nyekar. Saliyane iku sumber dhata *sekunder* uga pikantuk saka dhokumentasi

lan buku-buku kang gayut lan bisa menahi wawasan ngenani TPMB. Sumber dhata saka informan kasebut diolah kanthi pener lan bisa ndadekake dhata kang trep.

### Dhata Panliten

Dhata sajrone panliten Tradhisi ing Pasareyan Mbah Boyopatih Medang Kecamatan Glagah Kabupaten Lamongan yaiku wujud adicara TPMB. Dhata kasebut dipérang maneh dadi loro yaiku dhata lisan lan non lisan.

#### 1) Dhata Lisan

Dhata lisan bisa arupa tetembungan yaiku pawongan kang diamati utawa diwawancarai minangka sumber dhata utama. Tuturan kang diucapake narasumber utawa informan. Panliten tradhisi ing Pasareyan Mbah Boyopatih Medang Kecamatan Glagah Kabupaten Lamongan kang dadi dhata lisan yaiku tuturan utawa tetembungan asil wawancara karo informan kang dianggep ngerteni babagan tradhisi ing Pasareyan Mbah Boyopatih.

#### 2) Dhata Nonlisan

Dhata nonlisan bisa arupa dhata katulis kang awujud gambar utawa poto, grafik, lan tabel. Gambar utawa foto minangka dhata kang mbiyantu panliti kanggo ngolehake gambaran ngenani objek. Miturut Moleong (2005: 160) poto bisa ngasilake dhata dheskriptif, dianjurake yen poto kasebut dianalisis babarengan karo sumber-sumber liyane. Poto digunakake minangka dhata pelengkap. Poto minangka dhata panyengkuyung sajrone panliten iki yaiku poto ubarampe, poto adicara TPMB, poto pasareyan lan sapiturute, minangka gegambarane saka objek kang diteliti lan sarana pambiyantu panliti nalika nganalisis dhata. Dene tabel kang dadi dhata sajrone panliten yaiku tabel dhata monografi wilayah Medang Kecamatan Glagah Kabupaten Lamongan kang bisa menahi wawasan ngenani TPMB, kaya dene cacahé pendhudhuk, struktur pamarentahan, tingkat pendhidhikan, pangupajiwa, lan agama.

### Instrumen Panliten

Instrumen panliten yaiku sakabehe piranti kang digunakake kanggo nggarap asile panliten. Miturut Sugiyono (2011:102), instrumen panliten yaiku piranti kanggo nлити ngenani kadadéyan lan uga solah bawane manungsa.

### Teknik Nglumpukake Dhata

Tata cara ngumpulake dhata minangka tahap kang paling wigati sajrone panliten, marga tujuwan utamane saka panliten yaiku mikolehakake dhata (Sugiyono, 2011:224).

#### 1) Observasi

Miturut Danandjaja (1984:197) observasi yaiku njingglengi utawa ngamati salah sawijine kadadéyan kanthi cara nggambarake kasunyatan kaya apa kang diingeti. Sajrone panliten observasi ditindakake ora gumantung saka apa kang dijingglengi ananging uga saka pengalaman kang diduweni panca driya, kayata: pangrungu lan sapanunggalane.

Miturut Sugiyono (2011:145) tatacara observasi yaiku tatacara kanggo nлити babagan solah bawane manungsa, tumandange manungsa, lan kadadéyan

ing donya. Tatacara observasi iki ana patang tahapan, yaiku: (1) nggolek palilah, (2) nyiapake instrumen, (3) nemtokake panggonan kang diobservasi, lan (4) nganakake observasi.

#### 2) Wawancara

Wawancara miturut Moleong (2011: 135) yaiku guneman kanthi maksud lan ancas kang tinamtu. Guneman iku katindakake dening rong pihak, yaiku antarane tukang wawancara, kang menahi pitakonan lan kang sing diwawancarai, kang aweh wangsulan jawaban minangka pitakonan kang wis diwenehake mau. Teknik wawancara kang digunakake sajroning panliten iki yaiku, (1) Wawancara terstruktur, lan (2) Wawancara kang ora terstruktur.

#### 3) Dhokumentasi

Guba lan Lincoln (sajrone Moleong, 2011:216) ngandharake yen dhokumen yaiku saben bahan kang tinulis utawa film, dene dhokumentasi miturut Afifudin (2009:141) yaiku sawijine tehnik kanggo nglumpukake dhata lan katrangan kanthi nggoleki lan nemokake bukti-bukti. Arikunto (2010:231) uga ngandharake yen dhokumentasi yaiku golek dhata babagan variable, kang arupa cathetan, transkrip, buku, layang pawarta, prasasti, cathetan asiling rapat, agenda, lsp. Tata cara nglumpukake dhata nganggo dhokumentasi uga penting, amarga dhokumen iki kang bakal ngasilake dhata visual kang ana sesambungan marang obyek panliten lan dhata-dhata kang wis diasilake kanggo bukti *otentik*.

### Teknik Transkrip Dhata

Transkrip dhata, yaiku ngolah dhata lesan menyang dhata tulis. Alih wacana (transkripsi) saka tulisan nang tulisan iku ora gampang, miturut Riceour (sajrone Sudikan, 2014:254) nulis lan nutur utawa tulisan lan tuturan kemampuane manungsa iku asale saka rong bentuk kang beda.

### Keabsahan Dhata

Supaya mangerteni dhata kang wis diasilake sajrone panliten ngenani TPMB iki sah orane kudu diuji lan dipriksa ngenani kabenerane kanthi cara nggunakake teknik keabsahan dhata, cara iki ditindakake supaya asile panliten iki bisa dipercaya. Miturut Endraswara (2009: 224-225) ana papat bagéyan kang wigati sajrone panliten supaya dhata kasebut bisa diarani sah, yaiku (1) *Triangulasi*, (2) *Checking Dhata*, (3) *Member Check*, (4) *Review Mitra Besari*.

### Teknik Analisis Dhata

Teknik analisis dhata minangka sawijine cara sajrone nindakake panliten amrih antuk asil kang bener lan slaras karo tujuwan kang dikarepake ing panliten. Miturut Paton sajrone (Moleong, 2011:103) ngenani analisis dhata yaiku proses ngatur urutan dhata, ngorganisasikake ing sajrone pola, kategori lan urutan. Saka iku bisa ditemokake tema lan bisa dirumusake hipotesis saka dhata panliten. Sudikan (2001: 106-107) ngandharake tujuwan analisis dhata ana papat, yaiku: (1) nggampangake anggane negesi dhata kang diasilake saka kadadéyan-kadadéyan kang ana, (2) analisis dhata ana gegayutane antarane variabel-variabel sajroning panliten, (3) ana kaluwihan lan kakurangan sajroning



pikantuk dhata, lan (4) asile saka proses kang wis ditindakake bisa dijupuk dudutane. Dadi tata cara pangolahing dhata kuwi proses ngatur urutane dhata wiwitan nganti pungkasan, banjur diklumpukake kanthi trep, supaya panliti anggone nganalisis dhata bisa trep. Sabanjure dhata dionceki lan ditafsirake saengga pamaca bisa mangerteni.

Tata cara nganalisis dhata ing panliten iki nggunakake tata cara analisis dhata kualitatif miturut Sudikan (2001: 106-107) yaiku: (1) *Open Coding* yaiku panliti nggoleki lan nglumpukake dhata saakeh-akehe. Dhata kasebut bisa arupa dhata primer saka asil wawancara karo informan lan dhata sekunder saka asil dhokumentasi kaya dene vidheo, foto lan sapiturute, (2) *Axial Coding* yaiku panliti nglumpukake lan milih dhata adhedhasar kategorine utawa golonganane, lan (3) *Selective Coding* yaiku panliti mriksa kategori kang ana gayutane karo kategori liyane banjur saka kuwi bisa nduweni dudutan.

### ANDHARAN ASILING PANLITEN

Sajrone andharan asile panliten diwiwiti kanthi ngandharake babagan monografi desa lan andharan asiling panliten adhedhasar underane panliten. Ing bab monografi bakal ngrembug babagan desa, kang kaperang saka struktur pamarentahan, pendhudhuk utawa warga, pendhidhikan, pangupajiwane masyarakat, lan agama utawa sistem religi kang dirasuk. Sabanjure ing bab iki uga ngandharake gegayutane karo TPMB, tradhisi ing PMB, ubarampe TPMB, Tatalaku TPMB lan piginane TPMB.

### Gegambarane Medang Kecamatan Glagah Kabupaten Lamongan

Babagan gegambarane wewengkon utawa papan panliten iki nyakup dhata *monografi* desa. Sabanjure perangan kang ngandharake ngenani gegambarane desa kasebut bakal digayutake karo TPMB. Kanggo mangerteni babagan gegambarane desa sajroning panliten kabudayan mligine panliten kaya mangkene iki, dhata-dhata *monografi* wigati banget. Dhata *monografi* yaiku kumpulan dhata kang dilakokake dening pamarentah desa kang disusun kanthi cara rinci lan *sistematis*, lan dadi siji karo pemiraan pamarentah. *Monografi* uga bisa menehi gegambarane ngenani kahanane warga kang ana ing salah sawijine desa kasebut. Saka dhata *monografi* kasebut gegambarane ngenani kahanan desa lan warga masyarakat Medang bisa diandharake kaya dene (1) struktur pamarentahan desa, (2) kahanan warga desa, (3) pangupajiwa, (4) pendhidhikan, (5) agama kang dianut lan (6) gegayutan kahanan desa karo TPMB Medang, Kecamatan Glagah, Kabupaten Lamongan.

Medang kalebu salah sawijine desa kang ana ing Kecamatan Glagah Kabupaten Lamongan, panggonane ana ing sisih wetan kang wewatesan langsung karo Kutha Gresik, dene yen saka kuthane utawa alun-alun Lamongan manggon ing sisih lor. ambane yaiku 133,25 Ha, kang kaperang dadi lemah sawah 122 Ha yaiku mligine kanggo sawah irigasi teknis, sabanjure lemah kering 8 Ha kang dadi pemukiman lan pekarangane masyarakat desa kasebut, lan lemah fasilitas umum 11,5 Ha kang kang kabage dadi lemah bengkok lan sawah desa.

Ing struktur pamarentahan iki diperang saka struktur kang wis ana lan uga struktur kang wis ana sadurunge ing

Balai Desa Medang, kaya dene Kades, Sekdes, 3 Kasi, 3 Kasun, RT, lan RW. Pendhudhuk Medang cacah kabeh ana 1.170 jiwa, cacah KK (jumlah warga kang wis kulawarga) yaiku cacah ana 355 KK. pendhidhikan masyarakat desa ing antarane yaiku pendhidhikan Sekolah Dasar Negeri (SDN) Medang lan MI Al Mudaidun. Sabanjure Taman kanak-kanak (TK) ing Medang ana 2, yaiku TK Medang lan TK Mudaidun. Lembaga pendhidhikan agama utawa TPA/TPQ ana 2, yaiku TPQ Mudaidun lan TPQ Al Abror. Masyarakat desa kasebut umume nduweni pakaryan dadi buruh tani, dadi tani usaha ingon-ingon iwak, PNS, bakul ing njaba kutha, dadi TNI, POLRI, Bidan, perawat lan sapiturute. Agama kang dirasuk masyarakat Medang yaiku agama Islam.

### Mula bukane Tradhisi ing Pasareyan Mbah Boyopatih

Mula bukane tradhisi miturut informan yaiku Pak Abdul Mutholib ana sesambungane karo legendha Mbah Boyopatih. Cita legendha kasebut diwiwiti saka dhaerah pesisir kang isih kalebu dhaerah Kabupaten Lamongan yaiku nalika ana putri kang ayu pasuryane lagi lungguh ing watu gedhe pinggir segara lan katon lagi nglamunake samubarang. Putri kang ayu kasebut asale saka Dhusun Terbis, kang saiki melu Kecamatan Karangbinangun, Kabupaten Lamongan. Andharan ing dhuwur dikuwatake karo katrangan ing ngisor iki:

- (1) “Ing jaman semana, Nak, ana desa sing manggon ing tengahé alas, kang saiki kasuhur kanthi jeneng Desa Medang. Jaman biyen critane ana wong wadon ayu rupane sing lagi meneng njur nglamun ing gisike segara Lamongan. Wong wadon kuwi mau putri Nak, sing asale saka Dhusun Terbis sing jek klebu dhaerah Lamongan pisan, Nak. Dhaerah Glagah iku sik ngalor maneh. Lah ing wayah kuwi mau banjur tekaa wong lanang sing rupane ya bagus banget, Nak. Njur nyedhaki bocah wadon mau sarta kepengin ndadekake putri kuwi bojone.”  
(Pak Abdul Mutholib, 13 Maret 2019)

Pethilan ing ndhuwur cetha yen mula bukane legendha utawa wiwitane legendha pasareyan Mbah Boyopatih yaiku diwiwiti nalikane ana wong wadon utawa putri kang ayu praupane kang asale saka Dhusun Terbis Kecamatan Karangbinangun. Sabanjure ana wong lanang kang bagus pasuryane nyedhaki putri kang ayu kasebut lan arep didadekake garwane. Pungkasane cita miturut Pak Mutholib sang putri banjur nyarujuki apa kang dadi pepenginane wong lanang bagus kasebut yaiku dadi garwane. Banjur kalorone rabi lan nduweni anak lanang kang dijenengi Boyopatih. Jeneng Boyopatih minangka jeneng amahan saka bapane sadurunge bapane Mbah Boyopatih lunga menyang kutha Lamongan kanggo nglaksanakake tugas saka ndhuwuran. Praupane Boyopatih bagus banget kaya dene praupane bapane, tindak tanduke uga meh padha kaliyan wong tuwane yaiku becik, jujur lan wicaksana.

Ing sawijine dina, nalika Mbah Boyopatih wis duwasa panjenengane nduweni niatan utawa kekeperan kanggo merguru utawa nyantri ing Kutha Gresik kang saiki sinebut Gresik Kutha Santri. Mbah Boyopatih kepengin nyantri

menyang pondhok pasantrene Kyai Kanjeng Sunan Giri ngenani ilmu agama Islam supaya luwih ngerti maneh. Andharan kasebut dikuwatake karo katrangan ing ngisor iki.

- (2) “Mbah Boyopatih Nak nduweni pepenginan lan tekad bakal merguru menyang Kanjeng Sunan Giri ing dhaerah Gresik kono. Mbah Boyopatih kepengin ibune bisa ngrestui piyambake, jenenge ibu ya nak ndelok anake sing tekade lan pepenginane anake sing gedhe banget mau ya ora tega, akhire ibune ngewenehi restune. Lha Mbah Boyopatih banjur budhal menyang Gresik kanthi niatan kanggo ngaji lan nyantri ing daleme Kanjeng Sunan Giri. Kanjeng Sunan Giri ketekan Mbah Boyopatih ya seneng Nak nduwe murid kaya Mbah Boyopatih.” (Bapak Abdul Mutholib, 13 Maret 2019)

Pethilan ing dhuwur cetha yen mula bukane anane legendha kasebut yaiku nalika Boyopatih saka Desa Terbis, mligine dhaerah Paciran kepengin merguru ing daleme Kanjeng Sunan Giri ngenani ilmu agama Islam kanthi luwih jeruh maneh. Mbah Boyopatih pancen sengaja kepengin merguru ing panggonan kang luwih apik senajan panggonan kasebut luwih adoh saka omahe, amarga Kanjeng Sunan Giri minangka pawongan kang wis ngerti banget ngenani seluk beluke agama Islam lan panjenengane minangka pawongan kang dikormati ing Kutha Gresik amarga wis nyebarake agama Islam kang kapisan ing dhaerah kasebut. Mbah Boyopatih kepengin ibune bisa ngrestoni panjenengane kanggo lunga adoh menyang Kutha Gresik. Sang ibu kang bisa ngerteni tekad anake kang gedhe, banjur ngewenehi restu kanggo merguru ing Kanjeng Sunan Giri. Tekad kang diduweni Mbah Boyopatih kasebut nggawe manteb atine lan ndadekake panjenengane ora tau ngresula marang kahanan apa wae kang dilakoni mbesuke. Kanjeng Sunan Giri nrima Mbah Boyopatih dadi muride kanthi bungahing manah. Saben wong kang dadi muride Kanjeng Sunan Giri bakal nduweni jeneng versi Islam. Andharan ing ndhuwur bisa dikuwatake karo katrangan ing ngisor iki:

- (3) “Asale kuwi saka Sunan Giri, Nak Mbah Boyopatih iku njaluk merguru nak Kanjeng Sunan Giri. Panjenengane kepengin nyantri mrunu amarga Kanjeng Sunan iku wis terkenal sekti lan wong sing paling dikormati, wis nyebarake agama Islam ing dhaerah kuno. Pas nyantri kuwi Mbah Boyopatih diwenehi jeneng Syekh Abdul Shomad. Lah nek ana sing nyebut Mbah Boyopatih kuwi Ki Danureksa ya kuwi karana ing jaman biyene wong Jawa nyebutna jeneng pancen beda-beda nak, gumantung kasekten utawa sepira elmune kuwi mau lan wibawane kuwi.” (Pak Abdul Mutholib, 13 Maret 2019)

Pethilan ing ndhuwur nuduhake yen Mbah Boyopatih nduweni pepenginan kanggo merguru menyang Kanjeng Sunan Giri kang wis terkenal sekti lan wong kang paling dikormati amarga wis nyebarake agama Islam dhaerah Gresik lan sakiwa tengene. Miturut Pak Mutholib saben dadi muride Kanjeng Sunan Giri bakal nduweni jeneng versi Islame. Mbah Boyopatih diwenehi jeneng Syekh Abdul Shomad, nanging wong Jawa ing jaman biyene uga ana kang nyebut panjenengane Ki Danureksa. Miturut informan sebutan kaya mangkono kuwi wis lumrah. Sebutan kuwi ana gumantung kasekten lan sepira gedhene pangaribawa panjenengane sajroning bebrayan. Mbah Boyopatih kang diwenehi jeneng kasebut ngrasa bungah atine amarga wong kang menehi jeneng versi Islam kasebut dudu wong biyasa nanging wali kang diutus nyebarake agama Islam ing tlatah Jawa.

Mbah Boyopatih minangka *waliyullah* kang nduweni *karomah* kang ngedap-ngedapi. Ing sawijiing dina, nalika Mbok Randha Mbarang lagi nyapu latare. Mbah Boyopatih langsung ngupaya memba-memba dadi godhong garing lan panjenengane nduweni pangarep supaya bisa njupuk keris kang diselipake ing wetenge. Nanging Mbok Randha Mbarang kang uga nduweni kasekten kuwi weruh yen godhong kasebut jelmaan saka Mbah Boyopatih, panjenengane banjur enggal-enggal mlayu nganti ora bisa diweruhi maneh karo Mbok Randha Mbarang, dadi upaya kang ws dilakokake panjenengane kuwi ora ana kasile. Panjenengane langsung mikir cara liyane. Ora suwe panjenengane weruh wateke Mbok Randha Mbarang yaiku seneng banget karo kucing. Panjenegane langsung memba dadi kucing lan nyedhaki Mbok Randha Mbarang. Andharan kasebut bisa dibuktekake karo pethilan saka wawancara ngisor iki:

- (6) “Ketepatan kerise Kanjeng Sunan Giri disilih Mbok Randha Mbarang, banjur Mbah Boyopatih niku weruh wateke Mbok Randha Mbarang. Lah, wateke niku senengane kucing, dadi Mbah Boyopatih ten Mbok Randha Mbarang memba dadi kucing teng ngarepe ngunu. Banjur dicing-cing terus mara lan dipangku karo Mbok Randha Mbarang iku mau.” (Pak Abdul Mutholib, 13 Maret 2019)

Pethilan ing ndhuwur nuduhake yen Mbok Randha Mbarang pancen seneng banget karo kewan kucing, saben ana kucing mrunu mesthi digendhong lan lan digawa menyang ngendi-endi, diwenehi panganan lan mesthi dielus-elus gulune. Panjenengane ora sadhar yen kucing kasebut sejatine jelmaan saka Mbah Boyopatih. Samarine diceluk “cing-cing”, kucing kasebut banjur nyedhaki Mbok Randha Mbarang banjur dipangku, ing sisih liya panjenengane nduweni pepenginan kanggo ngingu kucing kasebut. Amarga saking mareme marang kewan kasebut, pungkasane kucing kang dielus-elus ing pupune kuwi njupuk keris kang disingidake ing wetenge lan digawa mlayu.

#### 1) Karomah Mbah Boyopatih

Babagan karomah, ana saperangan manungsa kang diwenehi anugrah arupa kaluwihan saka Gusti Allah, kaluwihan tumrap hambane kang paling istimewa. Istimewa

ing kene ditegesi ora tau nglembana lan tansah ngabekti marang Gustine saengga diparingi kaluwihan awujud karomah, kaluwihan kang dianugrahake Gusti Allah tumrap hambane kang sinebut nabi lan rasul kuwi diarani mukjizat. Sejatine mukjizat kuwi mung kanggo pawongan-pawongan kangteken lan tekun marang agama lan Gustine, mligine kanggo wong kang nduweni sipat sabar lan nriman. Karomah kuwi jinise maneka werna, ana karomah kang wujud sabar, subasita, tumemen, becik nalika nyebarake dakwah lan ngajarake piwulange Gusti Allah. Saliyane wujud karomah kang wis disebutake ing ndhuwur, uga ana wujud karomah kekuwatan fisik lan sapiturute. Kaya dene karomah kang diduweni Mbah Boyopatih. Andharan kasebut bisa dibuktekake lumantar katrangan ing ngisor iki:

- (11) “Mbah Boyopatih kuwi uga diarani kekasihe Pengeran, ateges dadi hamba kinasih kang donga-donga lan pangucapane bisa dijabahi dening Pengeran. Iku salah siji karomahe, Nak. Ya kaya bisa memba-memba dadi apa wae kang dikepenginake, kaya isa memba dadi godhong, nanging gagal karena diweruhi Mbok Randha Mbarang, bareng ngerti yen Mbok Randha Mbarang seneng karo kucing, ya Mbah Boyopatih akhire memba-memba dadi kucing. Lan akhire bisa njupuk keris kang disingidake ing wetenge Mbok Randha. Ngunu, nak.” (Pak Abdul Mutholib, 13 Maret 2019)

Pethilan ing ndhuwur nuduhake yen Mbah Boyopatih kagolong kinasih Gusti Allah lan nduweni saperangan karomah. Karomah kang diduweni panjenengane yaiku karomah kang jinise kakuwatan, kaya dene panjenengane bisa memba dadi godhong lan bisa memba dadi kewan kucing, tujuwan panjenengane memba dadi samubarang kasebut yaiku kanggo njupuk keris kang disingidake ing wetenge Mbok Randha Mbarang. Saliyane karomah ing ndhuwur uga ana karomah liyane kang diduweni panjenengane yaiku bisa ambegan ing njero banyu jublangan. Andharan kasebut dikuwatake lumantar katrangan ing ngisor iki:

- (12) “Iya Nak iku ngono wis dadi karomahe simbah Nak. Saliyane iku panjenengane ya bisa ambegan ing njero rong utawa jublangan kono iku kang akeh lelene iku, Nak” (Pak Abdul Mutholib, 13 Maret 2019)

Pethilan ing ndhuwur nuduhake yen Mbah Boyopatih minangka Waliyullah kang nduweni karomah tartamtu. Karomah kang diduweni panjenengane saliyane bisa memba dadi godhong lan kewan kucing yaiku bisa ambegan utawa bisa slurup kanthi suwe ing njero banyu jublangan kang akeh iwak lelene nalika panjenengane dikejar dening masyarakat uga prajurite Mbok Randha Mbarang. Mula saka kuwi, banyu jublangan kang panggonane ana ing ngarepe pasarean panjenengane

dipercaya dening masyarakat panyengkuyunge bisa ngewarasake penyakit kang disebabake nglanggar sirikan lan uga kabeh penyakit kulit kanthi cara wudhu, kanthi cara dibasuhake lan sapiturute.

Adhedhasar andharan ing ndhuwur bisa dimangerteni yen legendha pasareyan Mbah Boyopatih dadi mula bukane tradhisi kang ana ing Medang. Pasareyan kasebut kerep nindakake tradhisi-tradhisi kanggo ngormati panjenengane kang wis nyebarake agama Islam ing desa kasebut lan mbabad alas dadi desa-desa liyane. Tradhisi kang ana ing pasareyan kasebut tujuwane yaiku kanggo dedonga lan wujud rasa syukur marang Gusti Kang Murbeng Dumadi, saliyane iku kanggo nyuwun kawarasan marang Gusti Allah lumantar anane pasareyan Mbah Boyopatih. Miturut Pak Mutholib kang minangka juru kuncen pasarean, panjenengane durung ngerti banget rinciyan sedane Mbah Boyopatih.

### Tradhisi ing Pasareyan Mbah Boyopatih

Tradhisi yaiku sawijine tumindak kang ditindakake kanthi cara turun tumurun saka sesepuh kang mengko diterusake dening generasi peneruse lan dadi bageyan saka panguripan salah sawijine klompok masyarakat. Koentjaraningrat (1987:5) ngandharake yen adat bisa diarani wujud kang lumrah saka sawijine kabudayan kang nata tumindake manungsa. Mula tradhisi kerep banget digayutake karo adat istiadat, amarga adat yaiku tumindak kang lumrah dilakoni wiwit jaman biyen, (Poerwadarminta, 1976:15). Saliyane iku, miturut Poerwadarminta (sajrone Suwarni lan Widayati, 2015:61) tradhisi minangka perangan saka kabudayan, tradhisi yaiku sakabehe adat, kapercayan, lan sapiturute kang diwarisake para leluhur kanthi cara turun tumurun. Dene miturut Rendra (1984:3) tradhisi yaiku pakulinan kang turun-tumurun ing sajrone bebrayan. Andharan kasebut cundhuk karo katrangan ing ngisor iki:

- (13) “Tradisi yang ada di Desa Medang sini itu Mbak, memang sudah menjadi kegiatan rutin ya bisa dibilang kegiatan yang wajib diikuti dan dilakukan oleh masyarakat sini. Dan tradisi di desa sini juga sudah dilakukan secara turun-temurun memang Mbak. Dari sesepuh-sesepuh sini sudah diajarkan begitu.”  
“Tradhisi kangana ing Desa Medang kene kuwi Mbak, pancen wis dadi kagiyatan rutin nggih bisa diarani kagiyatan kang wajib ditutake lan ditindakake dening masyarakat kene. Lan tradhisi ing desa kene uga wis ditindakake kanthi cara turun-temurun Mbak. Saka sesepuh-sesepuh jaman biyen wis diwulang kaya mangkono.”(Pak Mulyadi, 3 Mei 2019)

Andharan ing ndhuwur nuduhake yen tradhisi dianggep nduweni piguna tumrap masyarakat lan bakal diuri-uri dening masyarakat papan tradhisi iku lair lan minangka panyengkuyunge. Tradhisi lumaku kanthi cara turun tumurun lumantar lisan utawa non lisan. Tradhisi lumrahe bisa ngrembaka ing dhaerah-dhaerah kang isih ngugemi adat istiadate sesepuh kang mangaribawani kauripan bebrayan. Tuladhane tradhisi ing Pasareyan Mbah Boyopatih kang panjenengane minangka salah sawijine

pawongan kang nyebarake agama Islam ing dhaerah Lamongan lan Desa Medang.

Sawise ngrembug ngenani mula bukane TPMB, sabanjure ngrembug ngenani tradhisi ing Pasareyan Mbah Boyopatih kang nganti saiki isih ngrembaka lan diuri-uri. Wujud tradhisi sajrone PMB sejatine dumadi saka tuwuhe kapitayan kang wis dipercaya dening masyarakat panyengkuyunge legendha kasebut. Tradhisi kang tuwuh ing PMB yaiku tradhisi haul, tradhisi nyekar lan syukuran sawise nadzar. Tradhisi kasebut bakal diandharake luwih jangkep ing ngisor iki

### 1. Tradhisi Haul utawa *Khul*

Tradhisi kang sepisanan ana sesambungane karo Pasareyan Mbah Boyopatih lan nganti saiki isih diugemi yaiku tradhisi haul. Haul miturut Jalaluddin as-Suyuthi kang dikutip dening Ghundar (2014:30) tembung haul dijupuk saka hadist Nabi Muhammad SAW yaiku: “*Rasulullah SAW setiap (setahun sekali) berziarah kemakam syuhada perang Uhud. Ketika Nabi SAW sampai disuatu tempat bernama Sya’b beliau mmengeraskan suaranya dan berseru: keselamatan bagimu atas kesabaranmu, alangkah baiknya tempatmu di akhirat. Abu Bakar ra. Juga melakukan seperti itu. Demikian juga Umar bin Khattab ra. Dan Usman bin Affan ra.*” (H.R. Baihaqi). Dene yen dideleng saka Hukum Islam kang ditulis dening KH Hanif Muslih, kanthi cara etimologi haul asale saka basa arab “*Khul*” kang nemu teges taun.

Masyarakat Medang lumrahe nyebut tradhisi kasebut yaiku *Khul* kang uga ateges taunan. Haul miturut Pak Abdul Mutholib minangka juru kuncen pasareyan kasebut negesi yen haul yaiku salah sawijine pangerten kang dilakoni setaun pisan cundhuk karo kapundhute salah sawijine pawongan utawa tokoh masyarakat kang nduweni daya pangaribawa kang gedhe. Tujuan penting saka haul iki kanggo mengeti lan mengenang jasa uga asil perjuwangan tokoh tumrap kemajuan agama lan bangsa supaya bisa dituladhani dening para generasi penerus bangsa. Andharan kasebut dibuktekake lumantar katrangan ing ngisor iki:

- (14) “Haul iku Mbak kanggo memperingati dina kapundhute piyambake ya Mbah Boyopatih kuwi. Khule Mbah Boyopatih iki, Nak. Biyasane iku dilakokna pas ruwahan ya ing dina Jemuwah Kliwon sadurunge pasaan iku, nak.” (Pak Abdul Mutholib, 6 April 2019)

Pethilan ing ndhuwur cetha yen tradhisi haul yaiku kanggo mengeti dina kapundhute Mbah Boyopatih lan uga salah sawijine dalan simbol pakurmatan tumrap panjenengane amarga jasa-jasane kang akeh marang masyarakat Desa Medang. Ngerteni makna lan piwulange panjenengane kasebut bisa diamalake dadi salah sawijine tujuan dilakoni haul rutin saben taun. Adicara haul ing desa kasebut ditindakake setaun pisan ing dina Jemuwah Kliwon akhir sadurunge mlebu wulan pasa utawa wulan ramadhan. Saliyane kuwi uga ana andharan kang nyethakake bab kang padha yaiku kaya ing ngisor iki:

- (15) “Saka kedadeyan kaya ngono mau akhire ana tradhisi iku, Ndhuk. Asal-usule ya teka simbahe. Tradhisi menyang pasareyane simbah

sing saben wulan iku tujuwane ya kanggo nyekar njaluk donga pas ana wong sing kepengin waras saka penyakite lah nek khul iku dilakokna kanggo ngormati sedane piyambake. Alasane milih dina iku ya merga wong tuwa-tuwa senenge milih ing dina iku, ndhuk. Nganggepe dina iku ya dina kang paling apiklah kanggo nglakokake haule simbah” (Bu Khona’ah, 6 April 2019)

Pethilan ing ndhuwur nuduhake yen mula bukane tradhisi ing pasareyan Mbah Boyopatih yaiku amarga anane legendha Mbah Boyopatih. Sangertine Bu Khona’ah, tradhisi haul ditindakake ing dina Jemuwah Kliwon sadurunge mlebu wulan ramadhan utawa wulan ruwah, dene ing dina Jemuwah Pon ditindakake tradhisi nyekar. Miturut sesepuh jaman biyen dina-dina kasebut dianggep dina kang paling apik ing agama Islam kanggo nindakake tradhisi-tradhisi kasebut, mligine ing tradhisi haul. Amarga tradhisi haul tujuwane yaiku kanggo mengeti dina kapundhute lan menahi pakurmatan marang panjenengane kasebut. Adicara tradhisi haul ditindakake kanthi cara sedherhana lan ora nganggo cara gedhen-gedhenan, amarga tradhisi kasebut wis kaprabawan saka agama Islam.

### 2. Tradhisi Nyekar

Saliyane adicara haul kang ditindakake dening masyarakat Desa Medang, uga ana tradhisi liyane kang isih ngrembaka yaiku tradhisi nyekar (ziarah). Ziarah yaiku wujud *masdar* saka tembung *zaara* kang ateges sowan utawa *melawat* (al Marbawi, 1350H: 237). Luwis Ma’luf negesake yen tembung ziarah yaiku “teka kanthi maksud nemoni” (ma’luf, 1996: 310). Nyekar utawa ziarah bisa ditindakake ing ngendi wae lan kapan wae. Sabanjure KBBI negesake yen ziarah yaiku kagiyatan kang ditindakake kanthi cara sowan ing panggonan kang dianggep kramat utawa dimulyakake dening masyarakat, kaya dene pasareyan Mbah Boyopatih.

Tradhisi nyekar ing pasareyan Mbah Boyopatih dumadi amarga anane kapitayan arupa mitos kang dipercaya dening masyarakat Medang nganti jaman saiki. Kapitayan kang kondhang lan dipercaya dening pangugeme yaiku mitos sirikan mangan iwak lele. Mitos kasebut ana amarga sumpahe Mbah Boyopatih kanggo sanak turune lan kanggo masyarakat desa kasebut supaya ora oleh mangan iwak lele, yen nganti nglanggar bakal entuk bebaya, tuladhane awake bakal owah dadi belang putih kaya nduweni penyakit albino. Penyakit kasebut ora bakal bisa waras yen durung nindakake tawassul utawa sowan utawa ziarah ing pasareyane Mbah Boyopatih, yen perlu nindakake nadzar supaya kekarepane bisa cepet diwujudake.

Sajrone pandhangan Islam, nadzar yaiku janji kang kudu dilakoni nalika wis nggayuh samubarang kang dikepengini, nduwe uni yen bisa nggayuh apa kang dikarepi bakale nglakoni tumindhak becik liyane, kaya dene pasa, syukuran lan shodaqoh. Piwulange agama Islam, nadzar ora ana sambung rakete karo perangan ukume wajib, nanging dadi wajib nalika wis diucapake dadi kuwajiban kang kudu dijangkepi. Sajrone pasareyan Mbah Boyopatih kerep digunakake wong kanggo nindakake nadzar. Yen apa kang dikarepake wis kagayuh, wong kasebut kudu nebus nadzare. Nadzar kang lumrahe ditindakake karo masyarakat

panyengkuyunge yaiku nadzar kanggo nyuwun kawarasan marang Gusti lumantar pasareyan Mbah Boyopatih. Yen nganti wong kang nadzar kasebut waras, dheweke bakal nggawa sega tumpeng putih sakulupane, iwak pangangan lan iwak bandeng. Andharan ing ndhuwur dikuwatake karo pethilan ing ngisor iki:

- (21) “Nggih nek sirikane kuwi mau kasil lan wonge waras, Ndhuk, wonge mengko bakal nggawa sega tumpeng putih sakulupane bisa ditambahi iwak-iwakan kaya iwak bandeng. Sega tumpeng saiwake mau mengko bakal didungani karo simbahe, terus biyasane segane mau diwenehna nak simbah iki, ana sing diwenehna nak wong liyane sing gelem mangan segane. Ya akeh Ndhuk segane, nganti numpuk.” (Bu Khona’ah, 6 April 2019)

Pethilan ing ndhuwur nuduhake yen tumpeng sega putih lan kulupane digawa nalika nadzar wis kawujud lan ucul saka sirikane. Miturut Bu Khona’ah minangka garwane juru kuncen pasareyan, sega tumpeng kang sakulupane mengko didungani dening juru kuncen pasareyan supaya diparingi kaslametan, sarta diwenehi berkah dening Gusti Kang Maha Kuwasa. Sabanjure sega tumpeng kasebut diwenehake marang wong-wong kang ana ing pasareyan lan uga bisa diwenehake kulawarga juru kuncen pasareyan gumantung saka wong kang nadzar. Saking akehe wong kang nggawa sega tumpeng cilik, segane nganti numpuk ing payupane juru kuncen. Saliyane nggawa sega tumpeng, wong kang nadzar uga nggawa kembang kanggo nyekar. Andharan kasebut dikuwatake lumantar katrangan ing ngisor iki:

- (22) “Terus yaa nggawa kembang kanggo nyekar. Wong nadzar ngunu kuwi dilakokna karana wong kuwi mau wis diwenehi kawarasan dening Gusti Allah, dadi sing dilakokna kuwi minangka rasa syukur marang Gusti lumantar Mbahe.” (Bu Khona’ah, 6 April 2019)

Pethilan ing ndhuwur nuduhake yen wong kang nindakake nadzar minangka rasa syukur marang Gusti Kang Maha Kuwasa amarga ngewenehi kawarasan lumantar pasareyan Mbah Boyopatih. Nalika ana wong kang nduweni pepenginan tartamtu lumantar pasareyan panjenengane, banjur pepenginan mau bisa kawujud utawa kagayuh, mula kudu eling marang apa kang diucapake lan kudu secepatete ditindakake. Amarga nadzar kuwi kalebu utang lan utang ukume wajib dibayar. Lumrahe wong-wong kang pepenginane wis kagayuh mesthi nggawa sega tumpeng, kulupan utawa urap-urap, lan iwak bandheng.

### Jinis Ubarampe Panjangkeping Adicara TPMB

Ubarampe yaiku sawijining piranti kang ana ing sajrone tradhisi lan nadzar kang ditindakake amarga dipercaya nduweni nilai tumrap sawijining adicara adat. Sajrone bebrayan Jawa asring nggunakake simbol kanggo mdharake samubarang kayata tandha lukisan,

tetembungan, rencana, lan liya-liyane kang kabeh kuwi ngemot maksud utawa ancas tartamtu (Poerwadarminta,1939:947).Andharan kasebut dikuwatake lumantar katrangan ing ngisor iki:

- (23) “Nggih pancene saben tradhisi tamtune lak nduweni ubarampe ya ndhuk. Pancen saben ubarampe nek pas wayahe nyekar apa khul apa pas wayahe syukuran kuwi nduweni makna dhewe-dhewe.” (Bu Khona’ah, 3 Mei 2019)

Adhedhasar andharan ing ndhuwur nuduhake yen saben tradhisi nduweni ubarampe kang saben ubarampe tamtune nduweni teges utawa makna kang beda-beda. Masyarakat nduweni kapercayan yen saumpama ora nyepaki ubarampe ora afdhol anggane kirim dunga lan kaya-kaya ora ngormati panjenengane. Ana sawijining kapercayan kang ngandharake yen anane ubarampe minangka wujud pakormatan marang Gusti. Masyarakat pangugeme ngrasa wedi yen kekarepane ora kasembadan jalaran anggane nyedhiyakake ubarampe ora genep. Adhedhasar bab kasebut, mula anane ubarampe ing sajrone adicara-adicara iki pancen kudu digatekake tenan dening para masyarakat pangugeme lan masyarakat kudu tansah njangkepi apa wae kabutuhane adicara supaya tumindake adicara adat kasebut bisa kasembadan.

### 1. Kembang Setaman

Kembang setaman minangka kembang kang digawe nyekar ana ing petilasan utawa pepundhen lan uga mujudake salah sawijine ubarampe tradhisi haul lan tradhisi nyekar. Kembang setaman kuwi cacah ana akeh lan manggon ing taman. Dideleng saka jenenge kembang setaman minangka jinise kembang kang disiyapake kanggo prosesi. Perangan saka kembang setaman yaiku kembang kanthil, kembang kenanga, kembang mawar, lan kembang mlathi, lan irisan godhong pandan.

#### a. Kembang Kenanga

Kembang kenanga minangka salah sawijine ubarambe kembang setaman kang wigati sajrone nyekar ing makame para leluhur.

#### b. Kembang Kanthil

Ubarampe nyekar liyane saliyane kembang kenanga yaiku kembang kanthil. Kembang kanthil nduweni teges yaiku kanthi laku tansah kumantil. Tegese yaiku kanggo nggayuh ilmu spiritual sarta nggayuh kasuksesan lair lan batin.

#### c. Kembang Mawar

Kembang mawar uga bisa diarani awar-awar supaya tawar, tawar kasebut nduweni teges eklas. Tembung eklas ing kene nuduhake yen nglakoni tumindak apa wae kudu eklas lan ora perlu ngresula utawa sambat, kabeh kudu dipasrahake marang Gusti.

#### d. Kembang Mlathi

Mlathi dadi pralambang rasa melad saka njero ati. Mlathi iki lumrahe nduweni warna putih. Kembang mlathi kasebut uga nduweni makna yaiku sajrone pangucap lan wicara kudu eklas saka ati kang paling jeruh.

### 2. Tumpeng

Tumpeng yaiku sawijining ubarampe kang lumrah digawa nalika nindakake syukuran sawise nindakake nadzar.

Tumpeng kang digawa yaiku awujud tumpeng sega putih. Tembung tumpeng sajrone basa Jawa tumuju ing lepeng marang Gusti. Tumpeng kuwi bisa ndedonga anteng, meneng, jejeg, methentheng, kaya-kaya nduweni teges yen nalika ndedonga kuwi kudu pasrah marang Gusti. Tumpeng yaiku sega kang dibentuk kaya gunung, tumpeng lumrahe kerep digunakake dening para warga nalika njangkepi nadzare utawa unine.

Dene sega putih dipercaya makna simbol kelairan amarga saka warna putih kasebut nduweni makna yaiku suci. Mula tumpeng sega putih dimaknani kaya-kaya lair maneh lan dikarepake atine bisa suci lan resik. Saumpama atine pawongan kang nindakake nadzar kuwi suci, ateges pawongan kasebut bisa manembah utawa ngibadah marang Gusti Kang Maha Asih. Suci lan resik iki uga nduweni makna supaya masyarakat ora ana sipat meri lan gething marang sapa wae.

a. Kulupan utawa urap-urap

Kulupan utawa urap-urap yaiku kalebu salah sawijine bumbu kang ora bisa ditinggalake nalika nindakake syukuran, lumrahe digandhenge karo pithik panggangan, ditata ing sakiwa tengene sega. Urap-urap digawe saka tetuwuhan, kayata kacang lanjaran, cambah, godhong puhung yen ora ana bisa godhong kenikir kang dicampur karo klapa kang wis dibumboni.

b. Pitik Panggangan

Pitik panggangan minangka lawuh kang ana sajroning tumpeng nalika nadzar kang dipocapake kawujud kanthi pener. Panggang wujud bahan utamane yaiku pitik Jawa. Pitik Jawa yaiku pitik kang dimasak wutuhan kanthi cara ngresiki jeroane, dibenggang suwiwi lan pupune banjur dicampur karo bumbu-bumbune. Bumbu kang digunakake yaiku kaya dene bawang, brambang, kemiri, tambar, kunir, uyah, gula, lombok cilik, lombok abang, laos, lan godhong jeruk purut.

c. Bandeng

Bandeng. Lumrahe iwak bandeng diolah karo bumbu abang utawa bumbu bali pedes. Iwak bandheng uga nduweni makna dhewe. yen iwak bandeng nduweni makna lincah utawa gelem ngupaya, dadi manungsa nalika urip kudu gelem ngupaya supaya uripe bisa kepenak. Nalika ngupaya kudu kuwat ora kena aleman supaya mengko bisa oleh samubarang kang apik, kaya kang dipenginke. Yen wis oleh kang apik kudu bisa ngrumat.

### Tata Laku sajrone TPMB

Tata laku yaiku sawijining perangan kang wigati sajrone adicara tartamtu. Tata laku bakal ngatur sakabehane adicara kanthi urut lan runtut saengga acara bisa digelar kanthi apik.

### Tata Laku Tradhisi Haul

Sajrone tradhisi haul utawa *Khul* iki isih nggunakake tata laku kang wis gumathok wiwit jam biyen nganti saiki, lan uga ana owah-owahan sithik amarga pangrembakane jaman.

1) Persiapan Tradhisi Haul

Persiapan kanggo nindakake tradhisi haul utawa *khul* ing pasareyane Mbah Boyopatih yaiku nyiapake bab-bab apa wae kang arep digunakake. Yaiku wiwit rembugan karo juru kunci pasareyan lan pamong desa kanggo nyiapake piranti kaya dene panggonan kanthi cara kerja bakti sadurunge nindakake adicara kasebut lan terop sarta

ubarampe kang kudu ana ing tradhisi kasebut yaiku kaya dene kembang setaman lan buku yassin kang wis cumepak ing pasareyan. Sabanjure bakal dijentrehake ing ngisor iki:

a. Rembugan karo Juru Kunci pasareyan

Rembugan karo juru kunci pasareyan minangka perangan kang wigati sajrone TPMB, amarga tanpa anane rembugan adicara kasebut ora bisa lumaku kanthi becik lan runtut

b. Kerja Bakti

Kerja bakti minangka salah sawijine persiapan kang wigati sadurunge Tradhisi haul utawa *khul* kalaksanan. Tujuwan ditindakake kerja bakti yaiku supaya pundhen Medang minangka panggonane tradhisi kasebut bisa resik lan ayem tur penak yen disawang lan dipanggoni.

c. Nyiyapake ubarampe liyane

Rembugan ngasilake saperangan bab tartamtu saliyané nindakake kerja bakti yaiku nyiyapake buku-buku yasin uga jajan. Jajanan kang dimaksud arupa roti lan ngombe kang dicepakake dening pengurus pasareyan nganggo ndhuwit selawat lan ana kang sumbangan saka masyarakat panyengkuyunge.

2) Adicara Inti Tradhisi Haul

Adicara iki kalebu adicara inti kang minangka dadi punjere saka sawijine adicara. Ing tradhisi Haul utawa *Khul* kang dadi punjere yaiku anggoné kirim dunga ing pasareyan Mbah Boyopatih. Adicara iki ditindakake sawise dzuhuran utawa sawise sholat jum'at nganti mari, lumrahe sadurunge azhar adicara tradhisi kasebut wis mari, nanging kanggo wong kang nyekar bisa nganti tabuh 16.00 sore. Masyarakat kang teka ing pasareyan ora mung saka masyarakat Medang, nanging uga saka manca desa. Yen kabeh wis padha nglumpuk juru kunci minangka pawongan kang mimpin adicara mula tradhisi haul diwiwiti.

3) Pungkasaning Tradhisi Haul

Miturut Pak Mutholib minangka juru kunci pasareyan Mbah Boyopatih, adicara sabanjure yaiku adicara panutup ditandhani nalika sawise nindakake istighosah, para warga kang nggawa kembang lan nduweni pepenginan samubarang bisa nyekar ing pasareyan kasebut. Saben warga kang arep nyekar Mbah Boyopatih padha nggawa sekar dhewe-dhewe kanggo diseleh ing pinggir pasareyane Mbah Boyopatih.

### Tata Laku Tradhisi Nyekar (ziarah) ing dina Jemuwah Pon

Tata laku tradhisi nyekar beda karo tata laku tradhisi Haul, ing bab iki ora perlu nindakake persiapan tartamtu kajaba nyiapake meja lan kursi kanggo selawate wong kang ziaarah ing pasareyan kasebut. Ancase supaya ora kaco lan penak nalika ngolah selawat kasebut. Selawat kasebut yaiku arupa koin utawa dhuwit 500-an.

1) Wudhu

Ana sawijine prosesi kang kudu ditindakake dening wong kang nindakake ziaarah kanggo tujuwan ngresikna awake dhewe yaiku kanthi cara wudhu. Wudhu yaiku bebasan kanggo ngresikna awake dhewe karo banyu.

2) Tetamba lumantar Banyu Jublangan

Tata cara ziaarah kapisan kanggo wong kang percaya marang sirikan mangan iwak lele yaiku tetamba lumantar banyu jublangan. Tata cara kasebut minangka syarat kang

kudu ditindakake dening masyarakat kang kepengin oleh kawarasan saka penyakite. Tata cara kasebut ditindakake sawise nyekar utawa ziarah ing pesareyane Mbah Boyopatih. Lan tamba lumantar banyu jublangan kasebut didake syarat kanggo wong kang nduweni penyakit kulit. Saliyane iku ora perlu nindakake tata cara kasebut, nanging yen ana wong kang golek berkah bisa uga nindakake tata cara kasebut.

### 3) Wewaler njupuk samubarang

Tata cara ziarah kang pungkasan yaiku wewaler njupuk samubarang kang ana ing sakupenge pasarean. Saben dunga kang diucapake antara indhividhu siji lan sijine tamtune beda-beda. Ana wewaler kanggo ngucapake dunga-dunga kang sipate ala utawa nduweni tujuwan kanggo ngirim bala marang wong liyane. Miturut Pak Abdul Mutholib uga garwane Bu Khona'ah sadurunge ana wewaler kasebut, akeh wong ziarah kang nduweni tujuwan kang ala, wong kasebut lumrahe njupuk samubarang kang ana ing sakupenge pasarean kanggo nindakake bab-bab kang ala, kaya dene njupuk kain putih kang kanggo nutupi pasareyane Mbah Boyopatih.

### Pigunane TPMB Tumrap Masyarakat

Teori fungsi kang digunakake kanggo ngandharake fungsi folklor sajrone LPMB ing Desa Medang, Kecamatan Glagah, Kabupaten Lamongan yaiku nggunakake teori kang diandharake dening William R. Bascom. Fungsi folklor miturut Bascom yaiku 1) minangka sarana panglipur, 2) minangka sarana pangesahe pranata-pranata lan lembaga-lembaga kabudayan, 3) minangka sarana pendhidhikane bocah, 4) minangka piranti kanggo meksa lan ngawasi paugerane bebrayan, supaya tansah diugemi lan ditindakake dening bebrayan utawa *kolektif*. Saliyane fungsi utama utawa fungsi pokok kaya kang diandharake miturut William R. Bascom uga ana maneh fungsi liya minangka pengantar kang tuwuh saka anane pengembangan analisis. Fungsi kasebut yaiku sarana kanggo shodaqoh minangka wujud rasa syukur, sarana kanggo nguri-uri kabudayan lan fungsi ekonomi.

### TPMB Minangka Sarana Panglipur

Fungsi saka TPMB kang ana ing Medang didadekake minangka sarana panglipur, sarana kanggo nyenengake utawa hiburan. Amarga tanpa ananae panglipur sajrone TPMB, bakal nuwuhake rasa waleh ing atine masyarakat Medang lan masyarakat panyengkuyunge. Fungsi kang sepisanan yaiku ngenani pakulinan kang kudu ditindakake dening para peziarah utawa wong kang teka ing pasareyan Mbah Boyopatih saliyane masyarakat Medang ing saben wulan pisan yaiku ziarah ing dina Jemuwah Pon. Fungsi kang sabanjure yaiku kang ana sambung raket kaliyan rutinitas masyarakat kang nggawa tumpeng sega putih minangka wujud syukur lan simbol pakurmatan. Kanthi cara kasebut kang ndadekake panglipur sarta kabiasaan diri pribadine masyarakat Desa Medang.

### TPMB Minangka Sarana Pangesahan Kabudayan

TPMB saliyane dadi fungsi minangka sarana panglipur, uga minangka sarana pangesahan budaya. Manungsa urip ing alam donya kang dikarepake utawa kang disuwun yaiku bisa slamet ing donya lan akherat. Akeh banget tata cara kang ditindakake kanggo nyuwun

supaya bisa diwenehi keselamatan dening Gusti kang Maha Kuwasa. Maneka wernane tata cara kuwi mau banjur tuwuh adicara-adicara kang dianggep bisa menahi keslametan. Tuwuh tradhisi kasebut banjur disahake minangka kabudayan.

Anane tradhisi-tradhisi kang isih diugemi dening warga kang ana ing sakupenge pasarean Mbah Boyopatih iki, sejatine bisa nambahi sugihe budaya mligine ing Desa Medang. Tradhisi kang isih ngrembaka lan isih ana iki kudu terus diuri-uri supaya tetep bisa lestari, senajan pangrembakane jaman kang tansaya suwe saya santer, nanging aja nganti budaya lokal utawa budaya kang diduweni bangsa Indonesia iki ilang kagerus dening jaman utawa diakoni dening negara liya.

### TPMB Minangka sarana Pendhidhikan

Bocah-bocah cilik lan para kawula mudha kang ana ing Medang mligine lan sakupenge uga wis dikulinakake kanggo nyengkuyung anane adicara-adicara kasebut, tujuwane yaiku supaya mbesuk nalika wis gedhe tetep eling marang tradhisine lan ora ninggalake tradhisine. Paribasan "kacang ninggal lanjaran", aja nganti para generasi mudha lali marang asale yaiku minangka wong Jawa kang kebak budaya lan kebak pitutur becik. *Regenerasi* marang nom-noman iku perlu supaya budaya kan diduweni masyarakat ora cures lan ora kagingsir owahing jaman.

### TPMB Minangka Piranti Pengendhali Sosial

Sejatine manungsa iku ora bisa urip dhewe tanpa anane manungsa liyane, mula saka kuwi manungsa sinebut makhluk sosial. Manungsa mbutuhake srawung karo wong liya kanthi ancas supaya tetep bisa njaga paseduluran ing antarane tangga teparo. Pesareyan Mbah Boyopatih dadi piranti utawa sarana kanggo ngendhalekake tumindake masyarakat sajroning urip ing bebrayan. Ancas kang utama yaiku bisa ngraketake paseduluran nalika adicara haul Mbah Boyopatih lan ziarah ditindakake.

### TPMB Sarana Kanggo Shodaqoh Minangka Wujud Rasa Syukur

TPMB uga bisa kalebu sarana kanggo shodaqoh minangka wujud rasa syukur marang Gusti Kang Maha Kuwasa. Shodaqoh kang dimaksud yaiku wong kang nduwe kajat utawa pepenginan utawa wong kang sawise nindakake nadzar lumrahe nggawa sega tumpeng kang sabanjure segane bakal dibagekake marang wong-wong kang ana ing sakupenge pasareyan utawa dibagekake marang juru kuncen pasareyan.

### TPMB Minangka Sarana Kanggo Nguri-uri Kabudayan

Wis akeh banget para mudha kang ora gelem ngleluri idhentitase dhewe yaiku kabudayan nasionale kang sumbere saka kabudayan dhaerah. Mula saka kuwi pawongan kang luwih tuwa kudu nduweni peranan kang wigati kanggo ngandharake kabudayan tumrap para mudha. Pawongan kang luwih tuwa kudune bisa menahi patuladhan kang becik tumrap kawula mudha, saengga kawula mudha minangka penerus kabudayan gelem melu ngleluri kabudayan Jawa minangka aset dhaerah supaya tansaya ngrembaka lan ora malah kagiles karo kabudayan manca. Carane kanggo ngleluri kabudayan Jawa ing dhaerahe yaiku ngajak para kawula mudha liyane kanggo nyengkuyung

adicara TPMB. Saka kagiyatan kasebut, para kawula mudha luwih bisa mangerteni yen TPMB kasebut wigati banget kanggo urip ing bebrayan, amarga kebak ajaran agama, moral, kearifan lokal kang ora bisa disinaoni ing papan panggonan liyane. Babagan kaya mangkene kudune digethoktularake saka golongan sesepuh marang para mudha amrih generasi penerus kabudayan kasebut bisa ngrembaka.

### Fungsi Ekonomi Sajrone TPMB

Fungsi kang pungkasan sajrone TPMB yaiku fungsi ekonomi, amarga saka anane adicara tradhisi haul lan tradhisi nyekar kang ditindakake ing dina Jemuwah Kliwon lan Jemuwah Pon ndadekake masyarakat sakupenge nduweni pangupajiwa. Anane adicara-adicara kasebut uga menahi kabegjan tumrap para bakul kang nggelar dodolan ing sakupenge pasareyan. Nalika adicara kasebut ditindakake, akeh para bakul kang nggelar dagangane awit bakul jajan, bakul dolanan, bakul kembang, tukang parkir nganti bakul es ngumpul dadi siji ana ing sakupenge pasareyan. Anane adicara-adicara kasebut ing pasareyan iki menahi hiburan lan uga berkah tumrap sakabehane masyarakat kang ana ing sakupenge pasareyan uga kang ana ing sajabane pasareyan.

### Dudutan

TPMB kalebu minangka folklor setengah lisan kang tuwuh lan ngrembaka ing Medang Kecamatan Glagah Kabupaten Lamongan. Tradhisi kasebut ngrembaka turun temurun saka generasi siji menyang generasi sabanjure. Mula bukane tradhisi-tradhisi ing pasareyan ana sesambungane klawan legendha ngenani pasareyan Mbah Boyopatih. Crita saka jaman kala semana nganti jaman saiki isih dieling-eling dening masyarakat mligine masyarakat desa kasebut. Babagan kasebut amarga jasa-jasa saka Mbah Boyopatih, rasa bektine marang ibune, lan sumpahe kang kondhang. Panjenengane uga kalebu murid Kanjeng Sunan Giri kang kalebu sawijine pawongan kang dikormati, dianggep waliullah lan uga pawongan kang nduweni karomah kang ngedap-edapi. Mula saka kuwi, tuwuh TPMB kang nganti saiki tansah diuri-uri lan dirembakake dening masyarakat panyengkuyunge.

Adhedhasar dhata kang wis diklumpukake lan kang wis di diandharake ana ing bab sadurunge, mula bisa didudut asiling panliten. Dudutan ngenani asiling panliten, mujudake bab kang cundhuk lan wigati karo ancas ngandharake asiling panliten. Manut analisis kang wis kelakon ana ing panliten TPMB Medang, Kecamatan Glagah, Kabupaten Lamongan, asil saka panliten kasebut diandharake kaya ing ngisor iki.

Babagan tradhisi ing pasareyan Mbah Boyopatih yaiku ana tradhisi kang ditindakake setaun pisan lan tradhisi kang ditindakake saben wulan. Tradhisi kasebut yaiku tradhisi haul utawa *khul* lan tradhisi nyekar kang kacampur karo syukuran sawise nadzar ing pasareyan Mbah Boyopatih. kabeh kagiyatan kasebut dianakake ing dhaerah Pesareyan Mbah Boyopatih. Tradhisi haul (*Khul*) ditindakake setaun pisan ing dina Jemuwah Kliwon akhir sadurunge mlebu sasi Ramadhan), dene tradhisi nyekar (Ziarah) ditindakake saben wulan mligine ing dina Jemuwah Pon, nadzar ditindakake saperlune nalika

nyuwun kawarasan marang Gusti Allah lumantar pasareyan kasebut.

Babagan makna lan simbol, saben adicara nduweni ubarampe kang wajib ana sajrone adicara TPMB kasebut, njalari supaya warga panyengkuyunge tansah ngugemi lan nguri-uri tradhisi kang ana supaya ora ilang. Ubarampe sajrone adicara kasebut yaiku: (1) Kembang setaman, kang kasusun saka kembang melathi, kembang kenanga, kembang kanthil, lan kembang mawar bisa uga diwenehi selawat, lan (2) Tumpengan, sajrone tumpeng ana tumpeng sega putih, kulupan utawa urap-urap, iwak bandeng lan ptik panggangan.

Babagan tata laku, saben adicara nduweni tata laku kang beda-beda. Tata laku Tradhisi Haul utawa *Khul* yaiku diwiwiti karo rembugan ngenani persiyapan (kerja bakti, ngadegake terop, nyiyapake jajan lan ngombe) kanggo para peziarah kang meli nyengkuyung adicara kasebut, banjur mlebu ing adicara inti yaiku maca istighosahan dipungkasi karo nyekar ing pasareyan kanggo dedonga lan ngandharake kekarapan. Dene ing tradhisi nyekar yaiku diwiwiti karo wudhu, tamba lumantar banyu jublangan, lan wewaler njupuk samubarang kang ana ing pasareyan Mbah Boyopatih.

Piguna utawa fungsi saka TPMB nggunakake teori saka William R. Bascom kang dikutip dening Danandjaja (2000: 19) ing antarane yaiku minangka sarana panglipur, minangka sarana pangesahe kabudayan, minangka sarana pendhidhikan, minangka piranti pengendhali sosial. Banjur tuwuh piguna liyane kanggo shodaqoh minangka wujud rasa syukur, kanggo nguri-uri kabudayan lan fungsi ekonomi. Saliyane piguna kasebut uga bisa tuwuh piguna liyane, amarga saka anane pamawase panliti kang diolehake saka anane katrangan saka informan bakal nuwuhake piguna sajabane piguna kang diandharake dening Bascom.

### Pamrayoga

Panliten iki nduweni pengarep-arep bisa ndadekake pamrayoga lan renungan marang pihak-pihak pendhidhikan kanggo ndadekake budaya lokal minangka sarana pasinaon lan minangka sarana panggulawenthah. Kajaba saka iku, panliten iki uga nduweni pangarep-arep supaya bisa menahi paedah marang wong kang durung mangerteni ngenani anane tradhisi ing pasareyan Mbah Boyopatih. Panliten ngenani TPMB iki uga kalebu tuladha kanggo nguri-uri kabudayan supaya ora ilang kagerus lumakune jaman lan supaya supaya ora kalah karo kabudayan asing.

### KAPUSTAKAN

- Atikhoh, Khusnul. 2017. *Legendha Pasareyan Pangeran Pringgoloyo ing Desa Jegulo Kecamatan Soko Kabupaten Tuban (Tingkatan Folklor)*. Skripsi Penelitian Budaya. FBS UNESA
- Arikunto, Suharsimi. 2009. *Manajemen Penelitian*. Jakarta: Rineka Cipta.
- . 2010. *Prosedur Penelitian Suatu Pendekatan Praktik*. Yogyakarta: Rineka Cipta
- Danandjaja, James. 1984. *Folklor Indonesia*. Jakarta: Pustaka Utama Grafiti.
- . 2007. *Folklor Indonesia ilmu gosip*,



**Makna lan Fungsi Ujub sajrone Tradhisi ing Kecamatan Trowulan Kabupaten Mojokerto (Tintingan Folklor)**

- dongeng, dan lain-lain.* Jakarta: Pustaka Utama Grafiti.
- Budaya Jawa Dalam Serat Suryaraja. Jakarta: Cv Putra Sejati Raya.
- Djamaris, Edward. 1993. *Nilai Budaya dalam Beberapa Karya Sastra Daerah Sumatra.* Jakarta: PT Temprint.
- Liliweri, Alo. 2003. *Makna Dalam Komunikasi Antar Budaya.* Yogyakarta: Lkis Yogyakarta.
- Endraswara, Suwardi. 2006. *Metode, Teori, Teknik Penelitian Kebudayaan.* Yogyakarta: Pustaka Widyatama.
- Luxemburg, Jan Van. 1992. *Pengantar Ilmu Sastra.* Jakarta: Gramedia Pustaka Utama.
- Maran, Rafael Raga. 2007. *Manusia dan Kebudayaan dalam Perspektif Ilmu Budaya Dasar.* Jakarta: Rineka Cipta.
- 2009. *Metodologi penelitian folklor.* Yogyakarta: media perssindo
- Maryaeni. 2005. *Metode Penelitian Kebudayaan.* Jakarta: Bumi Aksara.
- 2010. *Folklor Jawa, Bentuk, Macam, dan Nilainya.* Jakarta: Penaku
- Mumfangati, T. 2007. *Tradhisi Ziarah Makam Leluhur Pada Masyarakat Jawa.* Jurnal Sejarah dan Budaya. 2(3):152-159.
- 2013. *Tradisi Lisan Jawa.* Yogyakarta: Narasi.
- Moleong, Lexy J. 2011. *Metodologi Penelitian Kualitatif.* Bandung: PT Remaja Rosda Karya
- 2013. *Folklor Nusantara.* Yogyakarta: Penerbit Ombak.
- Niswah, Chirun. 2018. *Tradisi Ruwahan Masyarakat Melayu Palembang Dalam Perspektif Fenomenologis.* Jurnal Kebudayaan Dan Sastra Islam. Vol 18 No. 2 2018, 100-122.
- Hartatik, Endah Sri. 2011. *Tradisi Ziarah Di Jawa Tengah.* Jurnal Penelitian Kajian Kebudayaan. Vol. 6 No. 1, pp. 12-22, April 2011.
- Poerwadarminto. 1976. *Kamus Baoesastra Djawa.* Jakarta: Balai Pustaka.
- Herusatoto, Budiono. 2005. *Simbolisme dalam Budaya Jawa.* Yogyakarta: Hanindita Graham Widya.
- Rendra, 1984. *Mempertimbangkan Tradhisi.* Jakarta: Gramedia.
- Hutomo, Suripan Sadi. 1991. *Mutiara yang terlupakan pengantar studi sastra lisan.* Malang. HISKI komisariat jatim.
- Sajogyo, Pujiwati. 1985. *Sosiologi Pembangunan.* IKIP JK. Bersama BKKBN. Jakarta.
- Jauhari, Muh. 2014. *Tradhisi Slametan Kelairan Bayi ing Desa Bediwetan Kecamatan Bungkal Kabupaten Ponorogo (Tintingan Wujud, Makna, Fungsi, Pamawas, lan Owah Gingsir).* Jurnal Penelitian Budaya. Volume 02 No.1 2014
- Soekanto, Soerjono. 1993. *Struktur Masyarakat.* Jakarta: Citra Niaga Rajawali Press.
- Sudikan, Setya Yuwana. 2001. *Metode Penelitian Kebudayaan.* Surabaya: Unesa Unipress
- Kaplan dan Manner. 2000. *Teori Budaya.* Yogyakarta: Pustaka Pelajar
- Sugiyono. 2011. *Metode Penelitian Kuantitatif Kualitatif dan R&D.* Bandung: Alfabeta.
- Koentjaraningrat. 1994. *Kabudayaan Jawa.* Jakarta: Balai Pustaka.
- Sulaeman, M. Munandar. 1998. *Ilmu Budaya Dasar Suatu Pengantar.* Bandung: Fefika Aditama.
- 2000. *Kebudayaan, Mentalitas dan Pembangunan.* Jakarta: Gramedia Pustaka Utama
- Suwandi, Sarwidji. 2006. *Semantik Kajian Makna.* Yogyakarta: KLEIN Press.
- 2002. *Manusia dan Kebudayaan di Indonesia.* Jakarta: Djambon.
- Suwarni & Sri Wahyu Widayati. 2011. *Dasar-dasar Upacra Adat Jawa.* Surabaya: Penerbit Bintang.
- 2009. *Edisi Revisi Pengantar Ilmu Antrapologi.* Jakarta: Rineka Cipta
- 2015. *Tradhisi Jawa.* Surabaya: Penerbit Bintang.
- Kuntowijoyo. 2006. *Budaya dan Masyarakat.* Yogyakarta: Tiara Wacana.
- Teeuw, A. 1984. *Sastra Dan Ilmu Sastra, Pengantar Teori Sastra.* Jakarta: Pustaka Jaya
- Lantini, Endah Susi, dkk. 1996. *Refleksi Nilai-nilai*
- Tim Pusat Bahasa. 2008. *Kamus Besar Bahasa Indonesia.*

**Makna lan Fungsi Ujub sajrone Tradhisi ing Kecamatan Trowulan Kabupaten Mojokerto (Tintingan Folklor)**

Jakarta: Gramedia Pustaka Utama.

Wahid, Amirul Nur. 2018. *Tradisi Ziarah Makam Bathara Katong (Tinjauan Deskripsi Akulturasi Budaya)*. Ural Penelitian Budaya. Vol 33 No 2 Mei 2018.

Widayati, Sri Wahyu. 1992. *Modul Langkah-Langkah Penelitian Sastra Lisan*. Modul Tidak Diterbitkan. Surabaya: Institut Keguruan dan Ilmu Pendidikan Surabaya.

